Бэрсэжь Л. М. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхыльыр етыным и Iуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Ильэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщ1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхыльыр етын **Бэрсэжь Лидие Мухьэмэд и пхъум** - «Къэлэм и сабий поликлиникэ №1» узыншагъэр зумэныжьк1э къэрал бюджет Iуэхущ1апI эм фунциональнэ диагностикэмк1э и къудамэм и дохутырым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр п1алъэк1э зыгъэзащ1э К1УЭК1УЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м
№95-УГ

К1эрэф М. А. и Iуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ нэгъуэщI лэжьапIэ зэрыкIуэм къыхэкIыу К1эрэф Мурат Анатолий и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмк1э и министрым и къулыкъуэ щхьэщ1ыхьым.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмк1э и министрым и къалэнхэр игъэзэщ1эну и пщэ илъхьан Мишковэ Иринэ Василий и пхъум, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмк1э и министрым и къуэдзэм.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщ1эздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр п1алъэк1э зыгъэзащ1э К1УЭК1УЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм накъыгъэм и 6-м
№105-УГ

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Къэрал мылъкур и зэманым яхущэркъым

Экономикэ политикэмк1э, мылъкумрэ хьэрычэт Iэхуумк1э комитетым и жэрдэмк1э КъБР-м и Парламентым и Президиумым и ун чэзу зэIуцIэм щыхэпльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур уней щ1ыныжьмк1э 2013 гъэм зэфIагъэк1ахэм. Правительствэм хухаха зэманым хиубыдэу абы тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ы Iэхуэхэмрэ мылъкур зехьэныжьмк1э и къэрал комитетым и унафэщI **Тонконог Анн э**.

Къэрал мылъкур уней1уэ ящэ федеральнэ, республикэ законодательствэм тету ик1и ар КъБР-м и Правительствэм и унафэк1э щ1агъэбыдэж. Ауэ депутатхэм зэрыжаIамк1э, 2013 - 2014 гъэхэм къэрал мылъкур приватизацэ щ1ыныжьмк1э зыхуэпIэ планыр къыщащтэм законым иубзыхуэ п1алъэхэр ящ1эпаудащ.

- Къэрал комитетым игъэхьэзыращ 2015 гъэм къэрал мылъкур приватизацэ щ1ыныжьмк1э планым теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр. Иджыпсту а документым йолэжьык1и ик1и дызэрыт илъсым и щыщхьэIуI мазэр къыщыунэхум ирихьэлIэу къащтэнущ, - жиIащ ведомствэм и унафэщIым.

Тонконог Аннэ депутатхэр щ1агъуазэ ищIащ акционер зэгухьэныгъэу пщыкIуэным я акцэхэр, жэуап зэхэгъэщхьэхук1э зыхь зэгухьэныгъэм и устав мылъкум республикэм и Iыхьэу хэльыр, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкуу щыт ухуэныгъэу бгъу ящэну зэрагугъам. Псори зэхэту абыхэм сом мелуан 487-рэ, абы щыщу сом мелуан 337-рэ акцэхэмрэ къэралым и Iыхьэу жэуап зэхэгъэщхьэкIа зыхь зэгухьэныгъэм хэльымрэ къыпахьи, сом мелуани 150-р адрей мылъкум къыщIахьи хуеящ. Ауэ доклад зыщIам зэрыжиIамк1э, нэгъабэ къэрал мылъкур приватизацэ зэращIам къыпэкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыIэрыхьар сом мелуан 45,7-рэщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зыщщигугъам и проценти 9,4-рщ.

Тонконог Аннэ и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, зыщщигугъа ахъшэм хуэдиз зыщIыгъэрымыхьам и щхьэусыгыгэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум щIэупщIэ зэримыIэрщ. Я1ныныкъэу ухуэныгъэхэр, акцэ гупхэр сату зэпеуэхэм тIунейрэ утыку къыщыхрахьащ, уеблэмэ щэхуакIуэхэр драгъэхьэхьи папщIэ ухуэныгъэм пэублэу хуагъэувэ уасэм процент 50 щыкIэрагъэху щыIэщ. Ауэ акцэ гупхэр, устав мылъкум хэлъ Iыхьэр, республикэм и къэрал мылъкум хыхь ухуэныгъэ щхьэхуэхэр зыщхуэн къыкIакъым.

- ЗэкIэлъыкIуэ илъэсит1 лъандэрэ къэрал мылъкур приватизацэ щ1ыныжьмк1э планыр гъэзэщIа хъуркъым, ди ведомствэм абы и лъэныкъэк1э хузэфIэкI псори илэжь пэтми. Къэрал мылъкур приватизацэ щ1ыным теухуа зыхуэфащэ информацэр комитетым и сайтым илъщ, республикэм къыщыдэк1 газетхэм къытрадзэ, - жиIащ доклад зыщIам.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIуцIам къыщацта унафэм ипкъ иткIэ республикэ бюджетым и хэхъуэхэр тэмэму къызэщIагъэуIуа хьун папщIэ Правительствэм чэнджэщ иратащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щ1ыным зэрекIуэкIым нэхъ тк1ийуэ к1эльыплъыну. Апхуэдэу Щ1ы Iуэхуэмрэ мылъкур зехьэныжьмк1э къэрал комитетым хуагъэуваш 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щ1ыныжьмк1э планыр нэсу гъэзэщIэныжьмк1э зыхуэфащэ Iуэхуэр зэфIагъэкIыну.

Президиумым и зэIуцIэм депутатхэр апхуэдэу щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iыхьэ и къэрал мылъкур приватизацэ зэрыкIуэм Парламентым и комитетым и унафэщI **Мэремыкъуэ Сэфарбий** зэрыжиIамк1э, документыр щызэхалъхьэм къагъэсэбэпащ 2003 - 2012 гъэхэм я лъэхъэнэм ельытауэ илъэсипщIым къриубыдэу автомобиль гъуэгуу яухуэхэмрэ зэрагъэпэщыжхэмрэ хуэдитIк1э нэхъыбэ щ1ыныжьк1э методикэ чэнджэщхэр. Къапщтэмэ, абыхэм къагъэув щ1ынагъэ гъуэгу фондхэм я бюджет ахъшэр зи чэзу финанс илъэс къэс ягъэтэмэжьыну ик1и апхуэдэхэм дежи ипэжьIэк1э къаIэрыхьа ахъшэмрэ УФ-м и субъектхэм я бюджетхэм я1эну зыщыгугъа хэхъуэхэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр къалъытэну.

Апхуэдэу депутатхэм зэпкърахащ УФ-м и адрей субъектхэм законкэр къыдэзыгъэк1я органэм къабгъэдэк1 жэрдэмкэр, федеральнэ законым и къыхэхуэхэм я проектхэм я1ауэ къыхуэхуэну. Ар къыщыхьэхуэм Парламентым и комитетым и унафэщI **Мэремыкъуэ Сэфарбий** зэрыжиIамк1э, документыр щызэхалъхьэм къагъэсэбэпащ 2003 - 2012 гъэхэм я лъэхъэнэм елытауэ илъэсипщIым къриубыдэу автомобиль гъуэгуу яухуэхэмрэ зэрагъэпэщыжхэмрэ хуэдитIк1э нэхъыбэ щ1ыныжьмк1э методикэ чэнджэщхэр. Къапщтэмэ, абыхэм къагъэув щ1ынагъэ гъуэгу фондхэм я бюджет ахъшэр зи чэзу финанс илъэс къэс ягъэтэмэжьыну ик1и апхуэдэхэм дежи ипэжьIэк1э къаIэрыхьа ахъшэмрэ УФ-м и субъектхэм я бюджетхэм я1эну зыщыгугъа хэхъуэхэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр къалъытэну.

Апхуэдэу депутатхэм зэпкърахащ УФ-м и адрей субъектхэм законкэр къыдэзыгъэк1я органэм къабгъэдэк1 жэрдэмкэр, федеральнэ законым и къыхэхуэхэм я проектхэм я1ауэ къыхуэхуэну. Ар къыщыхьэхуэм Парламентым и комитетым и унафэщI **Мэремыкъуэ Сэфарбий** зэрыжиIамк1э, документыр щызэхалъхьэм къагъэсэбэпащ 2003 - 2012 гъэхэм я лъэхъэнэм елытауэ илъэсипщIым къриубыдэу автомобиль гъуэгуу яухуэхэмрэ зэрагъэпэщыжхэмрэ хуэдитIк1э нэхъыбэ щ1ыныжьмк1э методикэ чэнджэщхэр. Къапщтэмэ, абыхэм къагъэув щ1ынагъэ гъуэгу фондхэм я бюджет ахъшэр зи чэзу финанс илъэс къэс ягъэтэмэжьыну ик1и апхуэдэхэм дежи ипэжьIэк1э къаIэрыхьа ахъшэмрэ УФ-м и субъектхэм я бюджетхэм я1эну зыщыгугъа хэхъуэхэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр къалъытэну.

Апхуэдэу депутатхэм зэпкърахащ УФ-м и адрей субъектхэм законкэр къыдэзыгъэк1я органэм къабгъэдэк1 жэрдэмкэр, федеральнэ законым и къыхэхуэхэмрэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ зыхущІэкъуэхэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэмрэ зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынымкІэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ зыхущІэкъуэхэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэмрэ зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынымкІэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэн.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ зыхущІэкъуэхэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэмрэ зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынымкІэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэн.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм гъатхэпэм и 31-м
№80-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдигъэкІа Указ №80-УГ-мкІэ къыщыгащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ зыхущІэкъуэхэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэмрэ зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынымкІэ щыІэ советым хэтхэр

ХЭТХЭР

КІуэкІуэ Ю. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр *(Советым и тхьэмадэщ)*

Храмов К. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іыр (Советым и тхьэмадэм и къуэдзэр)*

Алътуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым и* ямэ къуэдзэр

Ахъуэхъу Къ. М. - Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Бирюк А. А. - Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ*Іым* и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Вербицкий А. И. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщІылІа и федеральнэ инспекторыр *(зэгурыІуаэ)*

Гъащтэ А. А. - Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къупльыкъущІапІэм и ЩІыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщ*Іыр (зэгурыІуаэ)*

Говоров С. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаэ)*

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъэу муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубз коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщ*Іыр*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІэухуэхмкІэ и министрыр

Къармокъуэ Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал чэнджащэгъуэр

Кебеков В. С. - Лэскэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

КІэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансэхмкІэ и министрыр

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Куэшей А. Джж. - Аруан муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Малкаров А. А. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Марьяш И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым* и къуэдзэр

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр *(Советым и секретарщ)*

Пэнагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Сыжажэ Хь. Л. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Темиржанов М. У. - Шэрдэж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Тонконог А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІым, мылъкым я ІэухуэхмкІэ и къэрал комитетым и унафэщ*Іыр*

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-комунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Тхьэгъэлэдж З. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхухэр лжэлапІэкІэ кьызэгъэпэщыныжмкІэ и къэрал комитетым и унафэщ*Іыр*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лжэныгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Унаев К. Хь.-М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым* и япэ къуэдзэр

Унаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым* и къуэдзэр

Хъущпакъ С. Хь. - Бахъсэн къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаэ)*

Чеченов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ*Іыр (зэгурыІуаэ)*

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министрыр

Шипов В. А. - Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщІэнымрэ демографие политикэр пхыгъэкІынымкІэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщІэнымрэ демографие политикэр пхыгъэкІынымкІэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщІэнымрэ демографие политикэр пхыгъэкІынымкІэ щыІэ советым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм накъыгъэм и 23-м къыдигъэкІа Указ №77-УГ-м и пункт 2-м и ещанэ абзацым.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м
№83-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м къыдигъэкІа Указ №83-УГ-мкІэ къыщыгащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщІэнымрэ демографие политикэр пхыгъэкІынымкІэ щыІэ советым

ХЭТХЭР

КІуэкІуэ Ю. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр *(Советым и тхьэмадэщ)*

Храмов К. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым (Советым и тхьэмадэм и къуэдзэр)*

Алътуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым* и япэ къуэдзэр

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ*Іым* и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Вербицкий А. И. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Говоров С. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІэухуэхмкІэ и министрыр

Жариков О. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорыр *(зэгурыІуаэ)*

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрэбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет ІуэхущІапІэм и ректорыр

Кирин В. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ*Іым* и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІэлъыплъынымкІэ и управленэм и унафэщ*Іыр*

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Лыхъ З. А. - «Урысейм и Мэкъумэш банк» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапі эм и унафэщ*Іыр (зэгурыІуаэ)*

Темиржанов М. У. - Шэрдэж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Урысбий Хь. Хь. - «Урысейм и ХъуманІэ банк» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ*Іапі эр* №8631-м и унафэщ*Іыр (зэгурыІуаэ)*

Унаев К. Хь-М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым* и япэ къуэдзэр

Унаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр *(Советым и секретарщ)*

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым* и къуэдзэр

Чеченов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ*Іыр (зэгурыІуаэ)*

Щыхьмырзэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министрыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Іуэхуэхмкіэ управленэм теухуа Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм дыгъэгъаэзм и 16-м къыдигъэкІа Указ №163-УП-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІынымкІэ зэхъуэкІынымкІэ лжэныгъэр хэлъхьэн:

а) пункт 11-м и ебгъуанэ абзацым кІэлъыкІуэу дэщІыгъужьын мыпхуэдэу зэрыт абзац:

«коррупцэмрэ кьинэмыщІ хабзэншагъэхэмрэ къэмыгъэзхъуныжмкІэ лжэныгъэхэр Управленэм кьыщызэрегъэпэщ;»;

б) пункт 13-р мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«13. Управленэм и унафэщ*Іым* езым и щхьэкІэ жэуап ехь Управленэм хуагъэува кьалэнхэмрэ Іуэхуэхмрэ гъэзэщІа зэрыхьумкІэ, коррупцэм пэщІэтыныжмкІэ лжэныгъэр Управленэм зэрыщекІуэкІыжмкІэ.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м
№84-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэ №17-ра

2014 гъэм гъатхэпэм и 26-м

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м къыдигъэкІа Унафэ №44-ра-рэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и къэрал граждан къупльыкъущІэхэм я Іэнатіэр зэрырахьэкІынымкІэ хуагъэувэжмрэ лъэныкъуэхэм я зэныкъуэкъуэр дэгъэкІынымкІэ комиссэм теухуа Положенэу а унафэмкІэ къащтамрэ мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІынымкІэхэр зэхьхьэн:

1) пункт 1-м хэт «Президентым» псалъэр «Іэтащхьэм» жиІэу зэхъуэкІын;

2) Положенэм:

а) пункт 1-м и хэт «Президентым и Администрацэм» псалъэхэр «Іэтащхьэм и Администрацэм» жиІэу зэхъуэкІын;

б) пунктхэу 2-мрэ 4-мрэ зыхуэфащэ падежхэм иту хэт «Президент» псалъэр зыхуэфащэ падежхэм ит «Іэтащхьэ» псалъэмкІэ зэхъуэкІын;

в) пункт 6-м и «а» пункт къуэдзэм хэт «кадрхэмрэ щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмрэ» псалъэхэр «коррупцэм пэщІэтыныжмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмрэ» жиІэу зэхъуэкІын;

г) пункт 14-м:

«б» пункт къуэдзэм и япэ абзацым хэт « кадрхэр» псалъэр «коррупцэм пэщІэтыныр» жиІэу зэхъуэкІын;

«г» пункт къуэдзэм дэщІыгъужьын мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«г) «Къэрал къулыкъуэр зыІыгъэмрэ адрей цІыхухэмрэ къагъэсэбэп ахъшэр езыхэм къаІэрыхьэ хэхъуэм зэрезэгъым кІэлъыплъынымк Іэ Іуэхуэхмрэ адрей цІыхухэмрэ къагъэсэбэп ахъшэр езыхэм къаІэрыхьа хэхъуэм зэрезэгъым кІэлъыплъынымкІэ Федеральнэ закон №230-ФЗ-м (адэкІэ - «Къэрал къулыкъуэр зыІыгъэмрэ адрей цІыхухэмрэ къагъэсэбэп ахъшэр езыхэм къаІэрыхьа хэхъуэм зэрезэгъым кІэлъыплъынымкІэ Федеральнэ закон») и 3-нэ статьям и Іыхьэ 1-м къыщыгъэлъэгуэ бжыгъэкІэ граждан къулыкъущІэм мытэмэму е иримыкъуу къызэритамкІэ къэпщытэнымкІэ къыгъэлъэгуэахэр Администрацэм и Унафэщ*Іым* къыхелъхьэ.»;

д) пункт 16-м и «б» пункт къуэдзэм хэт «кадрхэмкІэ» псалъэр «коррупцэм пэщІэтыныжмкІэ» жиІэу зэхъуэкІын;

е) пункт 23.1 дэщІыгъужьын мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«23.1. Мы Положенэм и пункт 14-м и «г» пункт къуэдзэм къыщыгъэлъэгуэ Іуэхум зэрыхэлъам кьыркІуахэм япкъ иткІэ, комиссэм мы кьыкІэлъыкІуэ унафэхэм языхэзыр кьеущэ:

а) «Къэрал къулыкъуэр зыІыгъэмрэ адрей цІыхухэмрэ къагъэсэбэп ахъшэр езыхэм къаІэрыхьэ хэхъуэм зэрезэгъым кІэлъыплъынымкІэ Федеральнэ законым и 3-нэ статьям и Іыхьэ 1-м къыщыгъэлъэгуэ бжыгъэкІэ граждан къулыкъущІэм тэмэму икІи иркъуу къызэритамкІэ;

б) «Къэрал къулыкъуэр зыІыгъэмрэ адрей цІыхухэмрэ къагъэсэбэп ахъшэр езыхэм къаІэрыхьэ хэхъуэм зэрезэгъым кІэлъыплъынымкІэ Федеральнэ законым и 3-нэ статьям и Іыхьэ 1-м къыщыгъэлъэгуэ бжыгъэкІэ граждан къулыкъущІэм мытэмэму, (е) иримыкъу кьызэритамкІэ. Алхъэдзм деж комиссэм Администрацэм и Унафэщ*Іым* чэнджащ ирет граждан къулыкъущІэр зыхуэфащэ жэуап пыухькІам иришлІэну, (е) абы кьигъэсэбэпа ахъшэр къызэрапщытам кьркІуа материалхэр прокуратурэм и органхэм, (е) езыхэм я компетенцэм елъытауэ зыхуэфащэ адрей органхэм яхуигъэхьыну.»;

ж) пункт 24-р мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«24. Мы Положенэм и пункт 14-м и «а», «б», «г» пункт къуэдзэхэм кьыщыгъэлъэгуэ Іуэхуэхм зэрыкъэлъам кьркІуахэм ятеухуауэ, зыхуэфащэ щхьэусыгуэхэр щыщІэм деж, комиссэм кьищтэ хъунущ мы Положенэм и пунктхэу 20 - 23-м, 23.1-м кьыщыгъэлъэгуэахэм темыхуэ нэгъуэщІ унафэ. Апхуэдэ унафэ кьыщІащтамкІэ тегъэщІапІэхэм щхьэусыгуэхэмрэ кьыщагъэлъэгуэн хуейщ комиссэм и зэІущІэм и протоколым.»;

з) пункт 36-м хэт «кадрхэмкІэ» псалъэр зэхъуэкІын «коррупцэм пэщІэтыныжмкІэ» жиІэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ*Іым* и къалэнхэр зыгъэзащІэ БИТОКЪУ Владимир

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэ №18-ра

2014 гъэм гъатхэпэм и 26-м

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэм я Іэнатіэр зэрырахьэкІынымкІэ хуагъэувэжмрэ лъэныкъуэхэм я зэныкъуэкъуэр дэгъэкІынымкІэ комиссэм хэтхэр къэщтэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м къыдигъэкІа унафэ №44-ра-м и пункт 1-м и ещанэ абзацым;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м къыдигъэкІа унафэ №26-ра-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ*Іым* и къалэнхэр зыгъэзащІэ БИТОКЪУ Владимир

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 26-м къыдигъэкІа Унафэ №18- ра-мкІэ къыщыгащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэм я Іэнатіэр зэрырахьэкІынымкІэ хуагъэувэжмрэ лъэныкъуэхэм я зэныкъуэкъуэр дэгъэкІынымкІэ комиссэм

ХЭТХЭР

Алэхъей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ*Іым* и къуэдзэр *(Комиссэм и тхьэмадэщ)*

Туменов М. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ*Іым* и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъум, коррупцэм пэщІэтыным, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным я Іуэхуэхмкіэ и управленэм и унафэщ*Іыр (Комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэр)*

Баккуев Э. С. - «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм къэрал, муниципальнэ Іуэхуэхэр зегъэкІуэныжмкІэ и факультетым и «Къэрал, муниципальнэ Іуэхуэхэр зэрызэрагъакІуэр» факультетым и унафэщ*Іыр (зэгурыІуаэ)*

Балъкъыз М. Хь. - «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм къэрал, муниципальнэ Іуэхуэхэр зегъэкІуэныжмрэ ямыгъэІэпхъуэ мылъкум и экспертизэмкІэ и факультетым и «ФІагъымрэ ямыгъэІэпхъуэ мылъкур зэблэгъэкІынымрэ» кафедрэм и унафэщ*Іыр (зэгурыІуаэ)*

Дэхъушокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъум, коррупцэм пэщІэтыным, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным я Іуэхуэхмкіэ и управленэм и унафэщ*Іым* и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм коррупцэм пэщІэтыным пыщІа Іуэхуэхмкіэ и къудамэм и унафэщ*Іыр (Комиссэм и секретарщ)*

Мэкъуауэ А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм и унафэщ*Іым* и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Тупольская Н. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм документхэр зэблэгъэкІынымкІэ и управленэм и унафэщ*Іыр*

«Хэгъэзыхь щымыІэу Іэщэр, шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр зэратым пэкІуэ ахъшэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Хэгъэзыхь щымыІэу Іэщэр, шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр зэратым пэкІуэ ахъшэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Ю. А. хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ*Іы* ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м
№1880-П-П

Хэгъэзыхь щымыІэу Іэщэр, шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр зэратым пэкІуэ ахъшэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщыгащ 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м

1 статья. Мы Законым зэблигъэкІ Іуэхур

1. Хабзэм къемызэгъыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ Іэщэр, шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр хэгъэзыхь щымыІэу цІыхухэм ятыныр къызэгъэпэщын мурадкІэ цІыхухэм езыхэм я щхьэкІэ е къулыкъукІэ къагъэсэбэп Іэщэр, дзэм къыщагъэсэбэп фоч, кІэрахьуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, лагъымхэр езыхэм я жэрдэмкІэ зэратым папщІэ ягъэув абыхэм пэкІуэу иратыну ахъшэр.

2. Ахъшэр ет Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и органу апхуэдэ полномочие зыхухахам.

3. Ахъшэр зыхуэдизыр, ар зэрат щІыкІэмрэ хабзэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм егъэув.

2 статья. Мы Законым къару зэригъэтыр

1. Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщтрадзам щегъэжьауэ махуипщІ дэкІмэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын мы Законым къыгъэувэжу гъэзэщІэныр кьыззэгъэпэщ хабзэ мардэхэр зы маззм къриубыдэу къыщтэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м
№13-РЭ

АдыгэІ хъыжьэм уІэгъэ хъуа и ныбжьэгъуэ зауэм къыхех.
Сурэтыр **Зичи Михай** *ищІащ. 1849 гъэ*

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Псыр фIыгъуэшхуэщ, тэмэму зепхьэмэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и я1э къуэдзэ Жаным Руслан иджыблагъэ иригъэIуэк1ащ республикэм законхэр кыдэзыгъэк1 и орган нэхъыщхьэм и президиум и зи чэзу зэ1ущ1эр. Экологиемрэ щ1ыгъуэр – къэбзэныным к1эщ1 комитетым и жэрдэмк1э абы Правительствэм хуэхаха зэманым хиубдэу щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псыр кыдэзыщагъэсэбэным теухуауэ Къухьэпл1э-Каспий псы бассейн управленэм и унафэщ1ым и къуэдзэ - КъБР-м хиубдэу псыхэмк1э абы Правительствэм и унафэщ1 Толгуров Малик ищ1а докладым.

АБы кыьзэрыэщамк1э, псыр кьаГъэсэбэныну хуитыныгъэ зратэхэм кьалэну хуагъэув псыр зыхуей хуэпсэлъэным, абы и экологие щытык1эр егъэф1эк1уэным хуэунэт1ауэ зэф1агъэк1ын хуей кьалэнхэр. Ахэр зэрагъэзащ1эр к1эльыплъак1уэ Iэнат1эхэм тк1ийуэ кьащ1ыгъ.

Республикэм щы1э псыежэх псори километр 5470-рэ мэхъу. Абы псыежэхыу, псынэпс зэмыл1эужьыгъуэу 2172-рэ кьызэщ1еубыдэ. КъБР-м мы зэманым ирафын, бдзэжьей ягъэхъун, вап1эхэм щ1агъэльэдэн, рекреац элжьыгъэхэр дагъэк1ын пащ1э псыгуэн зэмыл1ужьыгъуэу 196-рэ хъыщагъэсэбэн, псори зэхэту километр мелуан 50-м нэблагъэ ик1и я цхьэфэр километр зэбгъузэнатI э 21-м щ1игъуу. КъБР-м псыуэ и1эр мащ1экъым, ар хозяйствэ зехьэным пыщ1ауи, жылагъэхэм ирафын пащ1и яхурикъунущ. Жылагъэхэр зэфэр зуфрэуагъэ щ1ым кьыщ1ащ псымрэ псынэпсымрэщ. Ахэр щ1ыхухэм кьагъэсэбэн псым и процент 96-рэ мэхъу. Псыежэхэр нэхъыбэу кьыщагъэсэбэныр гидроэнергетикэм и Iэнат1эрщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хеубыдэ псы-Iуфэхэр зэрагъэбелэу ухуэнатIуэу 70 хуэдиз. 2014 гъэм и щ1ыпIэм кьыдэращ1ащ1ыкI, абыхэм ящыщу 16-р зэрагъэпэщыжьын хуейщ, - жиIащ Толгуров Малик.

Псыр зыхуей зуэтхэзэным и Iыныгъкъуэдж иджыпсту Iэщ1агъэл1эр нэхъ зытегъэпыжьыныр псыежэххэр зэращ1эпырщ, апхуэдэу гъатхэ псыдзэжэм жылагъуэхэр щ1ызыхьуэ ухуэныгъэхэм я щытыкIэр зэрызэкI1ыльыкIуэрщ. Докладэ зыщ1ам кьызэрыпльэмк1э, а гугъуехьэхэр кьызэнкIыным хуэтэхха программэ зэхэлъхьажьащ. Апхуэдэ программэ гъэзэщ1ынымкIэ Iэмал кьитIынущ республикэм и псыежэххэм я экологие щытыкIэр егъэф1ек1уэныкI э, абы кьыдэкIуэу вап1эхэм я ф1агъэ-рь кьэ1этыныкI, псыгъунэхэр зыгъэбдэд ухуэныгъэхэри тэмэму зехьэныкI э.

- Республикэм щежэх псыхэм я щытыкIэр кьэзыщ1ыгъ Iэнат1э пыуэхыкIа щы1э? - щ1эущ1ащ «Захуагъэ зэдащ1э Урысей» фракцэм и унафэщ1 Кебеков Владимир.

- Урысей Федерацэм и Псы кодексым кьызэрыщ1ыгъэльэгъуакI э, псыр кьызэрагъэсэбэным, ар зэрахьумэм к1эльыплъыну я кьалэнщ Щ1ыуэпсым и щытыкIэм к1эльыплъыныкI э федералыз агентствэм и Iуэхущ1апIэр, КъБР-м Экологиемрэ щ1ыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмкI э и министерствэр. Дэ ди Iуэхущ1апIэм и кьалэнхэм хиубыдэркым хозяйствэ зезыхьэ субъектхэм я лэжьыгъэм административнэ Iэнат1эхэмкI э дахьэIбэну. Мыекъуэдащ1агъэхэр кьыкъуэкIамэ, дэ ищхьэкI э кьыщыгъэльэгъуа ведомствитIым языхэзым зыхуэдгъазэу аращ, - жиIащ Толгуров Малик. Адэкъ ар зэнкърыхауэ тепсэлъыхьащ Къубхэпл1э-Каспий псы бассейным и управленэм и подмоюечэм, абы псыр кьызэрагъэсэбэныр зэрахьумэмрэ хуэгъэза кьэрал к1эльыплъныгъэ зэгъыригъэк1уэк1ым.

- Къэльэтъэгъуапхъэщ псыр кьызэрагъэсэбэным и лъэныкъуэкI э кьагъэхъуа ныкъуэсныгъэхэр гъэзэк1уэжьынымщ щ1апIэ унафэр зезыгъэк1уэ органэхэмрэ Iуэхущ1апIэхэмрэ егупъуу зэрыбгъэдэмыхьэр, - жиIащ доклад зыщ1ым.

Абы кьызэригъэльэгъуакI э, нужьрей зэманым псы ежэхэхэм ямыгъажьэбза псы ф1ейуэ кубометр мелуан 30-м нэблагъэ хагъэльэдащ. Ар нэхъыбэу зи зэрарыр псэупIэ-комуналнЫ хозяйствэмрэ сырьем елэжь агропромышленнэ комплексымрэ я предприятэхэщ. Апхуэдэу ямыгъэжьабззэу псыежэхэхэм хагъэльадэ ф1ейр гъэ кьэс нэхьыбэ хьу зэпыгтщ.

- Псы ф1ейр зэрыхакIэм кьызэк1ыу нэрыльгъуу зэ1ыхьащ Аруан псыр. Абы Налшык кьалэм и мызакъуэу, Нарткъали еуцIэпI. Хуабжьу егъэгузавэ Iуащхьэмахуэ районым хиубыдэу Бахъсэн нэхъыбэ и Iуфэхэр куэншьо идзыпIэ зэращ1ам. Уеблэмэ лъэпкъ пархым хиубыдэу абы ямыгъэжьабззэу хагъэльадэ Тырныауз кьалэм кьыщ1эж псы ф1ейр. Абы кьыхэкIыу псы Iуфэм уIутыфырыкым, бамэ кьыхехри. Апхуэдэу щыт пэтми, псы ф1ейр щагъэжьабзэ ухуэныгъэр къагъэсэбэныркым. Иджыпсту щы1э мардэ псоми кьэзгъыу лажьэр Прохладнэ кьалэм и Iуэхущ1апIэм и закъуэщ, - жиIащ Толгуров Малик.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псыежэххэр кьыщ1ыу лъэхъэнэр мэхъуауэгъуэ - щыщ1эуIу мазэхэм зэрыхуэзэр кьыхигъэщ1ыкуKIри, Жаным Руслан щ1эущ1ащ абы щ1ыхуэгъэхьэзырыр и лъэныкъуэкI э зэф1агъэк1ын.

Къэпсалъэм зэрыжиIамкI э, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щ1ыпIалъэм и Iыхьэ щанэ хуэдизым псыдзэр зэран хуэхъуфыну щытщ. Абыхэм нэхъыбэу хиубыдэр Балъкъ, Бахъсэн, Тэрч псыхъуэхэрщ. Псори зэхэту абыхэм километр 620 хуэдизкI э заукъуэдий. Абы щыщу километр 310-р бгы лъапэхэр, километри 130-р тафэ щ1ыпIэхэм, километри 180-р бгылъэ щ1ыпIэхэм яхуоз э.

- Псыр и къиугъуэм зэранигъэ кьимыхьын пащ1э псы лъагуэгъэ гъэкъэбзэным, псы Iуфэхэр гъэбыдэным куэд елъытащ. Абы кьыхэкIыу зыхуэфащэ ведомствэхэм ящ1ыгъуу дэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр щегъэкIуэжIын хуей щ1ыпIэхэр доубзыхури, лэжьыпхъэхэм ятеуха актэр дотыжь, - кьынъальэгъуащ Толгуров Малик.

Докладым ещ1эуа икIи абы тепсэлъыха нэужь, депутатхэм кьащта унафэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм чэнджэщ ираташ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъзэшыухъуреихь дунейр щ1ыхьумэныр» къэрал программэм и «Псыр кьызэрагъэсэбэным кьыщк1э гъэзэхуэныр» программэ кьуэдзэр гъэзэщ1эным республикэ бюджетым щ1ыхуаха ахъшэр ирикъуу кьнутIыпщыну. Апхуэдэу Къухьэпл1э-Каспий псы бассейн правленэм ук1ыр зэрагъэпэщ. Мыекъуэдащ1агъэхэр кьыкъуэкIамэ, дэ ищхьэкI э кьыщыгъэльэгъуа ведомствитIым языхэзым зыхуэдгъазэу аращ, - жиIащ Толгуров Малик. Адэкъ ар зэнкърыхауэ тепсэлъыхьащ Къубхэпл1э-Каспий псы бассейным и управленэм и подмоюечэм, абы псыр кьызэрагъэсэбэныр зэрахьумэмрэ хуэгъэза кьэрал к1эльыплъныгъэ зэгъыригъэк1уэк1ым.

- Къэльэлъэгъуапхъэщ псыр кьызэрагъэсэбэным и лъэныкъуэкI э кьагъэхъуа ныкъуэсныгъэхэр гъэзэк1уэжьынымщ щ1апIэ унафэр зезыгъэк1уэ органэхэмрэ Iуэхущ1апIэхэмрэ хозяйствэмрэ сырьем елэжь агропромышленнэ комплексымрэ я предприятэхэщ. Апхуэдэу ямыгъэжьабззэу псыежэхэхэм хагъэльадэ ф1ейр гъэ кьэс нэхьыбэ хьу зэпыгтщ.

- Псы ф1ейр зэрыхакIэм кьызэк1ыу нэрыльгъуу зэ1ыхьащ Аруан псыр. Абы Налшык кьалэм и мызакъуэу, Нарткъали еуцIэпI. Хуабжьу егъэгузавэ Iуащхьэмахуэ районым хиубыдэу Бахъсэн нэхъыбэ и Iуфэхэр куэншьо идзыпIэ зэращ1ам. Уеблэмэ лъэпкъ пархым хиубыдэу абы ямыгъэжьабззэу хагъэльадэ Тырныауз кьалэм кьыщ1эж псы ф1ейр. Абы кьыхэкIыу псы Iуфэм уIутыфырыкым, бамэ кьыхехри. Апхуэдэу щыт пэтми, псы ф1ейр щагъэжьабзэ ухуэныгъэр къагъэсэбэныркым. Иджыпсту щы1э мардэ псоми кьэзгъыу лажьэр Прохладнэ кьалэм и Iуэхущ1апIэм и закъуэщ, - жиIащ Толгуров Малик.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псыежэххэр кьыщ1ыу лъэхъэнэр мэхъуауэгъуэ - щыщ1эуIу мазэхэм зэрыхуэзэр кьыхигъэщ1ыкуKIри, Жаным Руслан щ1эущ1ащ абы зыхуэгъэхьэзырыр и лъэныкъуэкI э зэф1агъэк1ын.

Къэпсалъэм зэрыжиIамкI э, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щ1ыпIалъэм и Iыхьэ щанэ хуэдизым псыдзэр зэран хуэхъуфыну щытщ. Абыхэм нэхъыбэу хиубыдэр Балъкъ, Бахъсэн, Тэрч псыхъуэхэрщ. Псори зэхэту абыхэм километр 620 хуэдизкI э заукъуэдий. Абы щыщу километр 310-р бгы лъапэхэр, километри 130-р тафэ щ1ыпIэхэм, километри 180-р бгылъэ щ1ыпIэхэм яхуоз э.

- Псы и къиугъуэм зэранигъэ кьимыхьын пащ1э псы лъагуэгъэ гъэкъэбзэным, псы Iуфэхэр гъэбыдэным куэд елъытащ. Абы кьыхэкIыу зыхуэфащэ ведомствэхэм ящ1ыгъуу дэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр щегъэкIуэжIын хуей щ1ыпIэхэр доубзыхури, лэжьыпхъэхэм ятеуха актэр дотыжь, - кьынъальэгъуащ Толгуров Малик.

Докладым ещ1эуа икIи абы тепсэлъыха нэужь, депутатхэм кьащта унафэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм чэнджэщ ираташ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъзэшыухъуреихь дунейр щ1ыхьумэныр» къэрал программэм и «Псыр кьызэрагъэсэбэным кьыщк1э гъэзэхуэныр» программэ кьуэдзэр гъэзэщ1эным республикэ бюджетым щ1ыхуаха ахъшэр ирикъуу кьнутIыпщыну. Апхуэдэу Къухьэпл1э-Каспий псы бассейн правленэм и гъырэтащ ф1ецIыф. Мыекъуэдащ1агъэхэр кьыкъуэкIамэ, дэ ищхьэкI э кьыщыгъэльэгъуа ведомствитIым языхэзым зыхуэдгъазэу аращ, - жиIащ Толгуров Малик. Адэкъ ар зэнкърыхауэ тепсэлъыхьащ Къубхэпл1э-Каспий псы бассейн правленэм и гъырэтащ ф1ецIыф. Мыекъуэдащ1агъэхэр кьыкъуэкIамэ, дэ ищхьэкI э кьыщыгъэльэгъуа ведомствитIым языхэзым зыхуэдгъазэу аращ, - жиIащ Толгуров Малик.

Президиумым хэтэхэм щыгъуазэ заущ1ащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщ1эхэм Iэщ1агъэмкI э и коллегием жылагъуэ лЫкIуэхэр зэрыхагъэхьа щыкIэм и Iуэхуэ-кI э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ, 6-нэ статьяхэм зэхъуэжьныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ» законопроектым.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщ1эхэм Iэщ1агъэмкI э и коллегием жылагъуэ лЫкIуэхэр кьызэрыхах щыкIэм и Iуэхуэ-кI э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ, 6-нэ статьяхэм зэхъуэжьныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ» законопроектым.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщ1эхэм Iэщ1агъэмкI э и коллегием жылагъуэ лЫкIуэхэр кьызэрыхах щыкIэм и Iуэхуэ-кI э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ, 6-нэ статьяхэм зэхъуэжьныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ» законопроектым.

Президиумым хэтэхэм щыгъуазэ заущ1ащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщ1эхэм Iэщ1агъэмкI э и коллегием жылагъуэ лЫкIуэхэр кьызэрыхах щыкIэм и Iуэхуэ-кI э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ, 6-нэ статьяхэм зэхъуэжьныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ» законопроектым.

-

● Ди псэлъэгъуэр

ВАК-ВОЙЯ Баисэ: Зи лъахэр зрагъэбгынахэм сахуэгумащIэщ, сэри апхуэдэу илъэсиплIкIэ сыпсэуащи

Ди газетымкIэ хъыбар зэрывэдгъэщIащи, иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэщIащ ООН-м и Комиссар Нэхъыщхьэм зи лъахэр зрагъэбгынахэм я Iуэхуэмкlэ и къуплкъыщIалIэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм щыIэ Вак-Войя Баисэ. Сирием щекIуэкI зэуэм кьриухужьэжу ди республикэм къэкIуэжахэм я Iуэхуэр зыIутыр зригъэщIащ абы. Ар яхуэзащ УФМС-м и къудамэу КъБР-м щыIэми Iэтащхьэми, ДАХ-м и унафэщIхэми, къэкIуэжа ди лъэпкъэгъуэхэми.

И ЛЪЭЖЫГЪЭ Iуэхуэр зэфIэкIа нэужь, Вак-Войя Баисэ деплъIуащ ди упщIэжэм жэуап къыритыну. Ар 1954 гъэм Эфиопием къыщалъхуащ. СССР-м, США-м щIэныгъэ нэхъыщхьэхэр щызэригъэгъуэтащ. ООН-м и къулыкъущIапIэхэм 1989 гъэ лъандэрэ щолажь, 1992 гъэм щегъэжьауэ ООН-м и Комиссар Нэхъыщхьэм зи лъахэр зрагъэбгынахэм я Iуэхуэмкlэ и Iэнатlэм къулыкъу щещIэ, 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ООН-м и Комиссар Нэхъыщхьэм зи лъахэр зырагъэбгынахэм я Iуэхуэмкlэ и къулыкъущIапIэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм кьагъэкIуащ.

Вак-Войя лэжьэн зэрыщIдзэрэ зиужь итар зи лъахэр зрагъэбгынахэм я Iуэхурщ. Апхуэдэу ар щылэжьащ Африкэм, Ипщэ-КъуэкIыпIэ Азием, КъуэкIыпIэ Европэм щыIэ къэралхэм. Иджырей къулыкъым пэрыувэн и пэ, Женевэ (Швейцарие) илъэситухIэ щылэжьащ. КъулыкъущIэм фIыуэ еущIэ оромэ, амхар, шведж, инджилыз, франджы, сербохорват бззэхэр. Апхуэдэуи урысибзэр дзгъуэу зэрыгъэзэрыуэм къыхэкIкIэ, тыншу дызэпсэлъащ.

- Баисэ, псом япэу уэилIыкIуэ къулыкъущIапIэм зэфIигъэкI Iуэхуэм, уи лэжьыгъэр зыхуэдэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- ООН-м и Комиссар Нэхъыщхьэм зи лъахэр зрагъэбгынахэм я Iуэхуэмкlэ и къулыкъущIапIэр ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем и унафэкIэ 1950 гъэм къызэIуахуэ щыта, «И къалэн нахьыбэр сыт?»

- жьыIэмэ, зи лъахэр зрагъэбгынахэм я хуитыныгъэхэр дунейм псом щыхьумэныгъ, я гугъуехьхэр зэфIэхьныжьмкIэ дзэпыкъуэгъу хъунырщ. БлэкIа илъэсхэм кьриубыдзу ди къулыкъущIапIэр сэбэп яхуэхъуащ цIыху мелуан бжыгъэхэм гъащIэщIэ зэтраухуэжьныжьмкIэ. Иджыпсту къэралыр 120-м щIигъуи щолажь ди лIыкIуэхэр. Правительствэхэмрэ жылагъуэхэмрэ ди дзэпыкъуэгъуу, дэ защIыдогъакIуэ цIыху мелуан 20-м щIигъуи.

ООН-м и Комиссар Нэхъыщхьэм зи лъахэр зрагъэбгынахэм я Iуэхуэмкlэ и къулыкъущIапIэм и къудамэр 1992 гъэм Москва къыщыдзIуахащ. Абы и нэIэ щIэт щыпIэхэр хамэ къэралхэм къикIа цIыху нэхъыбэ щыпсэу хэгъуэгъуэхэщ. Дэ ди къалэныр пIалъэкIэ щхьэегъэзэныпIэ ди къэралым къащыхьыпхьуэ цIыхуэ УФ-м и Правительствэм хуищIэм кIэпыпгъынырщ, абы сыт и лъэныкъуэкIэ дзэпыкъуэгъуэ, дунейпсо мардэм изагъэу.

- Лъахэр бгынэным нэхъыбэу щхьэусыгъуэ хуэхъуэр сыт? Хэт нэхъыбэу Iэпхъуэщапхъуэр?

- ЩхьэусыгъуэI нэхъыщхьэр, дауи, зи лъахэм зауэ зыщыхьеныуэ, нэгъуэщI къэралхэм щхьэегъэзэнIэ къащыщызылыхьуэхэрщ. ИкIи щтапIэ ихьэжкэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, нэхъыбэу бзылъхугъэхэмрэ сабийхэмрэщ. Сыт щхьэкIэ жьыIэмэ, щIыхьухэм я хэку яхъумэжу зауэм Iуохьэри, дзэпэныкъуэгъуэншэ щIыхубзхэмрэ я бынхэмрэ я щхьэр мафIэм къыхах. НэгъуэщI щхьэусыгъуэ зыбжани къыпхуэхьынущ, ауэ нэхъыщхьэр щIыхуэр зауэм къызэрырихужьэщ.

- КъызэрызгурыIуамкIэ, фэ Iэпхъуэщапхъуэ псоми я цIэ-уэнэцIэр, хэт сыт хуэныкъуэми зывогъащIэ. А къомым фаззэрыдзэIэпыкъ мылъкур дэнэ къызидикIыр?

- Ар дэIэпыкъуэгъу хъуну хуейкэм зохалъхьэ ахъшэращ. Езым я фIэфIныгъэкIэ ахъшэ къыхалъхьэу араш ди фондым. Нэхъыщхьэр, дауи, донор тхуэхъу къэралхэрщ. Апхуэдэуи мыправительствэ организацэхэм, уней фондхэм, цIыху щхьэхуэхэм я мылъку къытхалъхьэ, ООН-м и бюджетым къыхэкIыпхъуэ къулыкъущIапIэхэм гъэ къэс ахъшэ къаIэрохьэ.

- Сиريم щыщ ди лъэпкъэгъуэм ДАХ-м и Iуэхуэ щIапIэм уащыхуэзам сэри сыщIэсащ. СфIэгъэщIэгъуэн хъущ къулыкъукIэ зыгуэрым кьалэн къыпфищIу ди республикэм укъызэрымыкIуар, атIэ уи жэрдэмкIэ, ди лъэпкъэгъуэм я Iуэху зытетыр зэфIэщIэныжьмкIэ зэреблэгъар. Сыт абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар. УФ-м къихьахэм ящыщ щэрджэсхэм я псэукIэр уи нэкIэ зэбгъэльэгъуныр къызыхэкIар сыт?

- Я Iэрэ, зи лъахэр зрагъэбгынахэм я щыIэкIэ-псэукIэм кIэпыплъыным, ядэIэпыкъуным куэд щIауэ сытолажь. ЕтIуанэрауэ, сэ апхуэдэ щытыкIэ сихуэри, илъэсиплIкIэ хамэ щIыпIэ сыщыпсэуащ. Араущи, мы Iуэхур гукIи псэкIи зыхьзощIэ.

Сэ Москва статистикэ къыщыслIэрыхьащ УФ-м Сириием щыщу дапщэ къихьами, абыхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым щэрджэсу къэкIуар зыхуэдизри сощIэ. КъыщынэмыщIауэ, сэ къызжаIащ мыбы щыпсэухэм зы гугъуехьи зэрамыIэр, щыпIэ правительствэри цIыхухэри сэбэпышхуэ зэрахуэхъуар. Ауэ, итIани, си гум кьысхуэимыдэу, си нэкIэ ззэгъэльэгъуну сыхуейуэ сыкъежьащ.

Дэ дыхуэзащ УФМС-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и Iэтащхьэм. Абы зэрыжиIамкIэ, лэжьыгъэр зэпIэзэрыгъэ йокIуэкI, зэтеублащ, абыхэм яхуэщIапхъэри, дэфтэр Iуэхуэхэр зэрыщытри ящIэ. Мыбы къэхIуахэр зауэ щекIуэкI къэралым къызэрикIам щхьэкIэ дэтхэнэ зыми защIэгъэкъуэн хуейщ. Ар абыхэм фIыуэ къагуроIуэ.

КъищынэмыщIауэ, сэ сыщыIащ къэзыгъэзэжа фи лъэпкъэгъуэр здэщыIэ санаторэхэми. Пэжщ, щыIэщ гугъуехь гуэркэри, зыгъэдзыжьэкэри къызжаIащ. Апхуэдэуи Iуэхуэм и кIэм нэсу щыгъуазэ дызыдгъэщIащ къэкIуэкIыр нэхъ зи нэIэ щIэт Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я унафэщIхэми юристхэми. Нэхъыщхьэраты, дэ дызэрыдэIэпыкъуфIныри, Iуэхуэм и хэкIыпIэ хъунури здэгъэщIащ, дызэчэнджэщащ, дызэдгъэжьну дызэгурыIуащ. СызэреплъымкIэ, дяпэкIэ Iуэхур нэхъ тыншу ещхьыкIыныщ.

- Езыхэм ущыщхьэзам екIуэкIа псалъэмакъым тепщIыхьмэ, пэжщ, щыгъынкIэ, шхынкIэ я къуэшхэм зыщIагъакъуэ, ауэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ хэмыту уна къаХуэщэхункъым. Нэхъыбэу цIыхухэр зыщIэупщIар дэфтэр Iуэхуращ. Урысей Федерацэм и цIыху ухъуным, «зи лъахэр зрагъэбгына» статусыр къыдэпхыным, нэгъуэщIхэми ехьэлIа гугъуехьхэр къыпхуаIуэтащ. Юридическэ и лъэныкъуэкIэ зыIууэ лъэпощхьэпохэщ, сызэреплъымкIэ, ахэр нэхъыбэу зыгъэгъазэр.

- Мыбы нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр къэралыкъущIапIэхэмрэ къэкIуэжа цIыхухэмрэ зэгурыIуэныщ, зым жиIэр адрейм зэхихыныщ. Къэралым щылажьэ законхэм утету абы ущыпсэун хуейщ. Ауэ а хабзэхэр апхуэдизу куэду зэхэльыщ, ущигъэункIэ хъунущ. Цыху къызэрыгуэкIым абы и мыхьэнэ псор кьыгурыIуэрэбзэ. Псалъэм папщIэ, «зи лъахэр зрагъэбгынахэм» «хамэ къэралыр къикIа цIыхумрэ» кIэпIыззэрахьэн хуейр хабзэр зэщхьэщокI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Сириием къикIуэ щыIэм я нэхъыбэр хамэ къэралыр и цIыху хуэдэу къэкIуауэ пIалъэкIэ щыIэу аращ. Апхуэдэхэм хухахыр масищ кьудейщ. А пIалъэр дэкIмэ, къэралым икIыу ГъунапкIэ гуэр зэпиупщу къагъэзэжьын хуейщ. ИтIани иратынур масищщ. Апхуэдэ пIалъэр икIауэ, зи дэфтэрхэр мытэрэз зыкъомкI яхэтщ мыбдежьэм. А къомым я пIалъэр ябгынауэ мыбы пIалъэкIэ щхьэегъэзэныпIэ къыщалъхьэуэ УФМС-м зыщрагъэтхауэ щытамэ, зы илъэсклэ щыIэну хуит ящIынут, иужькIи къэралым имыкIыу, я дэфтэрхэм хэпльэжьнурэ, аргуэру илъэс къыхуупащэнут. Къэралым пIалъэкIэ ущыпсэуну хууиту тхыльэ къыдэпхьын флагъыу хэлъыр уэзрысыр къыззрыбдэIэпыкъурщ. КъыщынэмыщIауэ, дэрэ апхуэдэ статус зиIэжащ дызыдэIэпыкъуну дыхуитыр. ИтIанэ къыхэзгъэщыну сыхуейт Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжа щэрджэсхэр я хэку къекIуэлIэжауэ къызэралытэр. Ар сэ къызгуроIуэ, я адэжьхэр мыбы къыщалъхуауэ щыщыткIэ мыр я хэкущ, ауэ ар къэрал хабзэхэм къалытэркъым. Абыхэм Урысейм и цIыхуу зыкъалытэтэж щхьэкIэ, юридическэу щIэгъэбыдаькъым, бэлыхь хэхуэнущ, я дэфтэрыр зэрамыгъэнэщмэ.

(КIэухыр 6-нэ нап.).

ФымыпIащIэ, зыфплъыхь, фыкъэувыIэ!

Гъуэгум щызехьэн хуей хабзэхэр убзыхуащ. Абы и мардэхэм уатепльэкъуклэмэ, кърикIуэр шынагъуэщ. Зы щыуагъэ закъуэм щIэптынкIэ хуэнущ узынщагъэри гъащIэри...

ГЪУЭГУХЭМ къыщыхъу насыпыншагъэм зэрыпэщIэтын Iэмалхэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм щекIуэкIа зэIущIэм. Абы хэтащ КъБР-м и ГИБДД-м, ДПС-м и лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэр, гъуэгум щекIуэкI хабзэхэмкIэ инспектор ныбжьыщIэхэр.

ЗэIущIэм кьрагъэблэгъащ КъБР-м и ГИБДД-м и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник **Кулиев Валерэ,** ДПС-м и батальон щхьэхуэм и унафэщI, подполковник **Машэжь Руслан,** УФ-м щIыхь зиIэ и тренер **Кьардэн Анзор** сымэ, нэгъуэщIхэри.

«Урысей зэкъуэтымкI щIэблэщIэ гвардием» КИФЩ-м щиIэ и къудамэм и унэтIакIуэ **Геккиев СультIан** зэIущIэр кьыщыхъуIуихым кьыхигъэщащ гугъуехь куэд зыпылъ Iуэхум теухуа псалъэмакъым упщIэ, гупсысэ зэхэдзэ, чэнджэщ зэрыщыкуэдынур.

- Республикэм автомобиль транспортыр куэд зэрыщыхъуам кьыхэкIыу, гъуэгу Iуэхум пыщIа гугъуехьхэри къызэIуэрыуащ. ЩIэдзапIэ зымытъуэтым кIуапIэ иIэныкъым. Абы къыхэкIыу, псалъэмакъыр игъуэгу утыку кьитлъхьауэ, ди гупсысэхэр къэтIуатэурэ, Iуэхум дытепсэлъыхьын хуеиуэ къызолъытэ. ЗымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, нобэрей зэIущIэр гъуэгум кьыщыхъу насыпыншагъэр гъэмэщIэныжьмкIэ сэбэп хъумэ, ар куэд и уасэщ, - жиIащ абы.

Республикэм и гъуэгухэм кьыщыхъур бжыгъэрэ щапхъэкIэ къыгъэлъэгъуащ Кулиев Валерэ:

- Кьыхэзгъэщынут автомобиль инспекцэмкIэ къэрал IуэхущапIэм и лэжьыгъэр къызэралытэр абы кьыщыхъу насыпыншагъэм зэкIуадэ цIыхухэм я бжыгъэр арауэ зэрыщытыр. 2014 гъэм и япэ мазищым кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгухэм кьыщыхъуащ машинэ зэжьэхэзэуэ 135-рэ. Абыхэм цIыху 45-рэ зэкIуэдащ, 168-м фэбжь хахащ. ЛъэсырызекIуэр хэту КъБР-м и гъуэгухэм кьыщыхъуа шынагъуэм я бжыгъэр 43-рэ мэхъу. ЦIыху 11 зэкIуэдащ, 34-м фэбжь ягъуэтащ. Ильэс кIуам нэхъэр ар процентэ 6,5-кIэ нэхъыбэщ.

УФ-м лъэсырызекIуэр хэту гъуэгум кьыщыхъуа шынагъуэм и бжыгъэр 12 371-рэ мэхъу. ЦIыху 1 458-рэ зэкIуэдащ, 11 541-м фэбжь хахащ. Кавказ ИщхьэрэфедеральнэщIыналъэм кьриубыдэу кьэхъуа зэжьэхэзэуэ и бжыгъэр 346-рэ мэхъу. Абы цIыху 88-рэ зэкIуэдащ, 282-м фэбжь хахащ. Гъуэгум кьыщыхъу насыпыншагъэр дгъэкIэщхъэн папщIэ «КъэувыIэ» Iуэхур едгъэжьащ. АбыкIэ ди мурадщ рулым дэсхэмрэ лъэсырызекIуэхэмрэ сакъын, хабзэм тетын зэрыхуейр хьэкъ ящытщIыну.

Псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм епхъэлIэжьащ. Кавказ ИщхьэрэфедеральнэщIыналъэм и зэжьэхэзэуэ зэкIуадэхэм я зыжьыбэри псэун щIэздзагъащIэжрщ. Машинэм иукI лъэсырызекIуэхэм я бжыгъэри багъуэ зэпытщ.

Автомашинэ зезыхуэр кьэбгъэувыIэу и дэфтэрхэр къеIыпх, уетхьэкъу мэхъу. ЛъэсырызекIуэм зыри пхуеущIэнукъым, гъуэгум щхьэкIэ ягъэбеледжьла хабзэм тетын зэрыхуейр жепIэну фIэкIа.

Рулым дэсхэм языныкъуэхэми лъэсырызекIуэр гъуэгум щызекIуэну хуитныгъэ зиIэхэм хабжэххэркъым. Лъэсу зекIуэм кьыгурыIуапхъэщ автомобилыр ущыхуей дакъикъэм кьыпхуэмыгъэувыIэнкIэ зэрыкъунур, машинэ зезыхуэхэми нэгъуэщIыр я щхьэ ираныгъэтыфу загъэсапхъэщ. Пхащхьэу абыхэм езыхэм фIэкIа Iуэху блэкI зиIэ щымыIэу, къагурыIуэркъым машинэ уимысуи упIащIэ зэрыхъур.

Нобэ республикэм и гъуэгухэм щызекIуэхэм, машинэзехуэхэми лъэсырызекIуэхэми, гъуэгум щызехьэн хуей хабзэхэр зыхедгъэщIыкIынымкIэ сэбэн кьытхуохьу IуэхутхъэбзаущIэхэр (волонтеркэр). «КъэувыIэ» акцэм и лэжьыгъэри аращ зэпхар.

Дызэчэнджэщурэ, зызэщIэдгъакъуэурэ хэкIыпIэ дыжгъэльыхъуэ. Мыр дэращ зи республикэри, гъуэгум мамыру дытевгъэт, - жиIащ Кулиевым.

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI **Джапшуев Муссэ** и псалъэм кьыхигъащIащ.

- ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэмрэ ГИБДД-мрэ зэкъуэту Iуэху гуэркэр дощIэ. Машинэзехуэхэмрэ лъэсырызекIуэхэмрэ яку зэгурыIуэ дэлъынымкIэ щIалэгъуалэр сэбэн хъуфу си гугъущ. Псалъэм папщIэ, сакъынэ кьыхуезыджэ тхылъымпIэ кIапэкэр щIалэгъуалэм гуэшын щаублагъащIэм машинэзехуэхэм къаIэгубжьи кьызымыдзи куэду кьахэкIыу щытамэ, иджы нэфIэгуфIэу къаIуощIэ.

Си гугъэщ дызытепсэлъыхьым ИнтернетымкIи ущхьэпфыну. ГИБДД-м кьызэригъэпэщауэ «ДТП щымыIэу» сайтыр мэлажьэ. «Урысей зэкъуэтым и щIэблэщIэ гвардием», ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм а сайтыр хъарзынэу зарегъэIэрыхуэми сыщыгъуазэщ.

- Нобэ кьызэвгъэпэща зэIущIэри цIыхухэм я узынщагъэмрэ я гъащIэмрэ зыумэным себэпэ хуэхъу лэжьыгъэхэр зэреблэгъэкIуэкIри си гуапэщ. Гъуэгум щызехьэн хуей хабзэм сэри ззэзымызэ ебгъэребакъуэмкIэ зызоумысыж, абы сызэрыриухьытэри сыбзыщIыркым, - жиIащ Кьардэн Анзор.

Машэжь Руслан кьыхигъащащ гъуэгухэм фIы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэ куэд зэрагъэгъэтар.

- Гъуэгум и Iуэхур зэпымыуэ зытепсэлъыхьыпхъэщ, узытепсэкъуэ мыхъунщ, - жиIащ абы. - Зыужьныгъэ хъарзынэхэри игъуэтащ. Гъуэгум щызехьапхъэ хабзэхэр кьызэрагъэлъагъуэ дамыгъэхэми зэхъуэкIыныгъэ ягъуэтащ, нэхъ зэхэщIыкIыныгъэ хъуащ. Жьыкъэ ущытуи, жащ кIыфIми тыншу кьыпхуолагъу дамыгъэхэр - я фэкIи я щIыкIэкIи захъуэжащ.

ЛъэсырызекIуэр гъуэгум щызэпрыкIыпхъэ щIыпIэхэри нэхъ тэмэму кьыхэгъэщхьэхукIа хъуащ. Хужь-фIыцIэ кусэм нэмыщIи, хужь-гъуэжь кусэр къагъэсебэп иджы.

Мыхьэнэшхуэ яIэу кьызолытэ щIалэгъуалэр ди дэIэпыкъуэгъуу къетхьэжьэ Iуэхуэхэм. Щапхъэу кьэзгъэльэгъуэнщ Джапшуев Муссэ зи унафэщI ЩIалэгъуалэ палатэм и гъусэу мазаем и 14-м, ФIыуэ зэрыльагъуэхэм я дунейпсо махуэм, ирихьэлIэу ежьэдгъэпэщауэ щыта Iуэхур. УегупсыснкIэ хъунщ, сыт а махуэмрэ гъуэгум щекIуэкIымрэ ззэхуаIуэхур жыпIэу. Ауэ Iуэхум узэрыбгъэдыхьэщ... ДПС-м и лэжьакIуэхэм машинэзехуэхэр кьагъэувыIэрт, кьэхъуар кьызыгурымыIуэу машинэхэм кьикIхэм сабийхэр ябгъэдэлъадэрти, зи тепльэкIэ гум и щIыкIэ зиIэ тхылъымпIэхэр, «Си гъащIэр схуэхъумэ» жиIэу зытетхахэр, иратырт. ЦIыхухэми ар зэхащIыкIырт, къэгумащIэхэрт, сабийхэм зыгуэркIэ я гуапэ зэращIыным, зэрахуэупсэным хэтт.

ЩIалэгъуалэ палатэм хэт, блогер Сурковэ Екатеринэ жиIащ гъуэгум щызехьэн хуей хабзэхэр ззэзыгъэльагъуэ дамыгъэхэм язныныкъуэхэр тIорысэ зэрыхъуам, зэрытекIыжам кьыхэкIыу ахэр кьэгъэщIэрэщIэжьныныкIэ проект зэригъэхьэзыращ икIи икIэщIыпIэкIэ абы иужь зэрихьэнур. ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм ар кьагъэгугъащ сыт и лъэныкъуэкIи сэбэп хъуну.

КъБР-м ЕгъэджэгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ и департаментым и унафэщI **КIуращын Анзор** кьыхигъэщащ федеральнэ гъуэгуэхэми зэфIэмыхьынныгъэхэр зырыщыIэр, насыпыншагъэ куэд кьызэрыщыхъур. Абы теухуауэ республикэм щалэжь Iуэхугъуэхэм ар щIэупщIащ. Иджыблагъэ а Iуэхур кьызэралъэтар икIи мы гъэм федеральнэ гъуэгуэхэми зэхъуэкIыныгъэхэр зэрагъэутынур Кулиевым жиIащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Инспектор ныбжьыщIэхэр.

«Сабийхэм зауэм теухуа тхыгъэхэм дакъыхуоджэ»

Апхуэдэ фIэщыгъэ иIэу Урысейми нэгъуэщI къэралхэми зэгъусэу дунейпсо псапащIэ Iуэху ираГъажьэ. ЩIалэгъуалэр нэхъ къууэ хагъэгъуэзэнущ Хэку зауэшхуэр къызэхущ тхыгъэхэм.

ХЭКУПСЭУ щIэблэр къыдэкIуэтеиныжьмкIэ сэбэп хъуну къалъытэ зэзыхьэхэр къыщыдзэгъэпэщынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и библиотекэхэми. Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэмрэ ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ сабий библиотекэмрэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр ирагъэблагъэнущ, школакIуэхэмрэ студентхэмрэ усэхэм кьеджэнущ, зауэм теухуа уэрэдхэр жаIэнущ. Зэхуэсхэмхэгъэзырыпнущ зауэр кьызыхэщыж тхылъхэр зытелъыну дапхъэхэри.

Дыщогугъ зауэ зэманым ипэжыпIэхэр кьызэIуэтэж тхыгъэхэм ди щIэблэм акъыл кьыхахыну, я адэжьхэр я щапхъэу псэуну, мамырыгъэм сыт щыгъуи хущIэкъуну.

ПсапащIэ Iуэхур накъыгъэм и 7-м сыхьэтыр 11:00-м яублэнущ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ.

ФIы зыщIэм и пщIэ кIуэдыркъым

Шорэ Хьэмэдэрэ хирург-офтальмолог Селивановэ Людмилэрэ

«Лъэпкъыфl и бын дэIэпыкъуэгъуншэ хъуркъым», - жаIэ. Илъэсищ и пэкIэ Сириием къикIыжа Шорэхэ я унагъуэм я щхьэкIэ ягъэунэхуащ мы псалъэхэм я мыхьэнэр. Зэман гуэр и пэкIэ Шорэ Хьэмэдэ и нэхэр уз хъуащ икIи зы махуэм нэхърэ къыкIэпIыкIуэм нэхъыкIэ зэрыхъум гу льитащ. Нэм еIэзэ дохутырэм хущIхъуэ кIрахьэлIащ, ауэ сэбэн хъуртэкъым. Щытригъаззм, дохутырыр кьеплIри, «заднекапсулярная катаракта обеих глаз» диагнозыр хуагъэуващ, икIи икIэщIыпIэкIэ операцэ щIын хуейуэ кьыжраIащ.

Сабиитl кьызыщIэхъуэ унагъуэм я адэр шофёрщ, икIи зэпигуфIыуIэгъэщи, зи нэм ныкъуСаныгъэ гуэр иIэр а Iэщlагъэм ирилэжьэфынукъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, Шорэхэ я унагъуэр гуэвэрт, операцэм текIуэдэну ахъшэм и зы Iыхьи яIэтэкъыми. Апхуэдэ щыткIэм Iэнкън ищIа унагъуэр щыслъагъум, дэIэпыкъуэгъу кьахуэслъхьэу сыхуежьащ. Си мурадыр кьыздиныгъынкIэ сыщыгугъуу я хьыбарыр хуэсIуэтащ КъБКъУ-м и студент пашэхэм ящыщ Шыбзыхьэу Астемыр. СызэригуГъам зэрыщыхьэкIащ: Интернетыр кьиГъэсэбэпри, ищхьэкIэ зи гугъу сщIа унагъуэм я хьыбар зэман кIэщIкIэ адыгэ псапащIэ куэдым яIыхьэгъэлъэгъуащ Кулиев Валерэ:

- Кьыхэзгъэщынут автомобиль инспекцэмкIэ къэрал Iуэхущапlэм и лэжьыгъэр къызэралытэр абы кьыщыхъу насыпыншагъэм хэкIуадэ цIыхухэм я бжыгъэр арауэ зэрыщытыр. 2014 гъэм и япэ мазищым кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгухэм кьыщыхъуащ машинэ зэжьэхэзэуэ 135-рэ. Абыхэм цIыху 45-рэ зэкIуэдащ, 168-м фэбжь хахащ. ЛъэсырызекIуэр хэту КъБР-м и гъуэгухэм кьыщыхъуа шынагъуэм я бжыгъэр 43-рэ мэхъу. ЦIыху 11 зэкIуэдащ, 34-м фэбжь ягъуэтащ. Ильэс кIуам нэхъэр ар процентэ 6,5-кIэ нэхъыбэщ.

УФ-м лъэсырызекIуэр хэту гъуэгум кьыщыхъуа шынагъуэм и бжыгъэр 12 371-рэ мэхъу. ЦIыху 1 458-рэ зэкIуэдащ, 11 541-м фэбжь хахащ. Кавказ ИщхьэрэфедеральнэщIыналъэм кьриубыдэу кьэхъуа зэжьэхэзэуэ и бжыгъэр 346-рэ мэхъу. Абы цIыху 88-рэ зэкIуэдащ, 282-м фэбжь хахащ. Гъуэгум кьыщыхъу насыпыншагъэр дгъэкIэщхъэн папщIэ «КъэувыIэ» Iуэхур едгъэжьащ. АбыкIэ ди мурадщ рулым дэсхэмрэ лъэсырызекIуэхэмрэ сакъын, хабзэм тетын зэрыхуейр хьэкъ ящытщIыну.

Псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм епхъэлIэжьащ. Кавказ ИщхьэрэфедеральнэщIыналъэм и зэжьэхэзэуэ зэкIуадэхэм я зыжьыбэри псэун щIэздзагъащIэжрщ. Машинэм иукI лъэсырызекIуэхэм я бжыгъэри багъуэ зэпытщ.

Автомашинэ зезыхуэр кьэбгъэувыIэу и дэфтэрхэр къеIыпх, уетхьэкъу мэхъу. ЛъэсырызекIуэм зыри пхуеущIэнукъым, гъуэгум щхьэкIэ ягъэбеледжьла хабзэм тетын зэрыхуейр жепIэну фIэкIа.

Рулым дэсхэм языныкъуэхэми лъэсырызекIуэр гъуэгум щызекIуэну хуитныгъэ зиIэхэм хабжэххэркъым. Лъэсу зекIуэм кьыгурыIуапхъэщ автомобилыр ущыхуей дакъикъэм кьыпхуэмыгъэувыIэнкIэ зэрыкъунур, машинэ зезыхуэхэми нэгъуэщIыр я щхьэ ираныгъэтыфу загъэсапхъэщ. Пхащхьэу абыхэм езыхэм фIэкIа Iуэху блэкI зиIэ щымыIэу, къагурыIуэркъым машинэ уимысуи упIащIэ зэрыхъур.

Нобэ республикэм и гъуэгухэм щызекIуэхэм, машинэзехуэхэми лъэсырызекIуэхэми, гъуэгум щызехьэн хуей хабзэхэр зыхедгъэщIыкIынымкIэ сэбэн кьытхуохьу Iуэхутхъэбзаущ Iэхэр (волонтеркэр). «Къэувыlэ» акцэм и лэжьыгъэри аращ зэпхар.

Дызэчэнджэщурэ, зызэщIэдгъакъуэурэ хэкIыпIэ дыжгъэльыхъуэ. Мыр дэращ зи республикэри, гъуэгум мамыру дытевгъэт, - жиIащ Кулиевым.

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI **Джапшуев Муссэ** и псалъэм кьыхигъащIащ.

- ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэмрэ ГИБДД-мрэ зэкъуэту Iуэху гуэркэр дощIэ. Машинэзехуэхэмрэ лъэсырызекIуэхэмрэ яку зэгурыIуэ дэлъынымкIэ щIалэгъуалэр сэбэн хъуфу си гугъущ. Псалъэм папщIэ, сакъынэ кьыхуезыджэ тхылъымпIэ кIапэкэр щIалэгъуалэм гуэшын щаублагъащIэм машинэзехуэхэм къаIэгубжьи кьызымыдзи куэду кьахэкIыу щытамэ, иджы нэфIэгуфIэу къаIуощIэ.

Си гугъэщ дызытепсэлъыхьым ИнтернетымкIи ущхьэпфыну. ГИБДД-м кьызэригъэпэщауэ «ДТП щымыIэу» сайтыр мэлажьэ. «Урысей зэкъуэтым и щIэблэщIэ гвардием», ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм а сайтыр хъарзынэу зарегъэIэрыхуэми сыщыгъуазэщ.

- Нобэ кьызэвгъэпэща зэIущIэри цIыхухэм я узынщагъэмрэ я гъащIэмрэ зыумэным себэпэ хуэхъу лэжьыгъэхэр зэреблэгъэкIуэкIри си гуапэщ. Гъуэгум щызехьэн хуей хабзэм сэри ззэзымызэ ебгъэребакъуэмкIэ зызоумысыж, абы сызэрыриухьытэри сыбзыщIыркым, - жиIащ Кьардэн Анзор.

Машэжь Руслан кьыхигъащащ гъуэгухэм фIы и лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэ куэд зэрагъэгъэтар.

- Гъуэгум и Iуэхур зэпымыуэ зытепсэлъыхьыпхъэщ, узытепсэкъуэ мыхъунщ, - жиIащ абы. - Зыужьныгъэ хъарзынэхэри

ЩОДЖЭН Iэминат.

● Нобэ Радиом, связым и Iэнатlэ псоми я лэжьакIуэхэм я махуэщ

ЦIыху гъащIэм къыгуэпх хъунукъым

1895 гъэм накъыгъэм и 7-м урыс физик Попов Александр электричествэр зэрыкIуэ кIапсэр хэмыту макъэкэр радиотолъкъункIэ бгъэIу зэрыхъунур Iуэхуэ къэхутэныгъэ иригъэкIуэкIащ. Абы ипкъ иткIи япэ радиоприемникыр къыдигъэкIащ.

РАДИОМ и махуэр япэу СССР-м щагъэлъэпIащ 1925 гъэм. Попов и къэхутэныгъэшхуэм и хьыбарыр Урысейм къыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм, газетхэм къытехуащ. XIX лъэIыгъуэм нэхъ цIэрыIуэ дыдэу ябжу щыта «Кронштадский вестник» щIэныгъэ-публицистикэ журналым щIэджыкIакIуэхэр игъэуфIат а хъыбарымкIэ.

Цыхухэм я зэпыщIэныгъэр зэрагъэбыдэ Iэмалыщ Iэнэр дуней псом щызэлъэIэсащ. Сурэтхэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм радиофизикэмкIэ факультету щыIэу хъуам илъэс кьэс щагъэлъапIэ хъуат радиом и махуэр: Радиотехникэмкlэ Таганрог, Рязань дзэт къэрал университетхэм, Радиомрэ электронтехникэмкIэ Томск щыIэ институтым, Москва и физико-техническэ институтым радиотехникэмрэ кибернетикэмкIэ и къудамэм, нэгъуэщIхэми. Абы къыщынэмыщIауэ, Попов Александр и цIэкIэ стипендие зыбжанэ ягъэуващ, щIэныгъэлI цIэрыIуэм и суратыр зытет маркэхэр къыдагъэкIащ.

1928 гъэм бадзэуэгъуэ - фокIадэ мазэхэм кьриубыдэу Москва Политехникэ музейм япэ союзпсо радиогъэльэгъуэныгъэ щекIуэкIауэ щытащ. 1945 гъэм накъыгъэм и 7-м радиор кьызэрыунэхъурэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу СССР-м и Цыхубэ комиссархэм я Советым унафэ кьищтащ накъыгъэм и 7-р радиом и махуэу ягъэувыну, илъэс кьэси ягъэлъэпIэну. Сыту жьыIэмэ, радиор къэралым и щэнхабзэми, политикэми, зыхъумэжыныгъэми, цIыхухэм я гъащIэр гъэгъэфIэкIуэнкI. Нобэкlэ абы цIыхухэр есэжащ, хьэпшып кьыз

Куэдым щапхъэ яхуэхъу ДыщэкI Соня

● Дифl догъэлъапlэ

«Зи нэр къабзэм и гур нэхущ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. А лъэпкъ Iущыгъэр хуокIуэпс ди лэжьэгъу икIи ди ныбжьэгъуфI ДыщэкI Соня. Зи нэгур дапщэщи зэIуха бзыльхъугъэ щыпкъэр «Адыгэ псалъэ» газетым и нэхъыжьлфIхэм, нэхъыщIэхэм я унэтIакIуэхэм ящыщщ. Iупым пщIэ щызиIэ, зи къаблэнхэр ныкъусаныгъэншэу гъэзэщIэным дапщэщи хуэнабдзэгубдзаплъэ Соня лъэпкъ хабзэрэ нэмысрэ зыхэль, адыгэ бзылъхугъэм хэлъыфыну хьэл-щэнычлфIхэмкIэ куэдым щапхъэ яхуэхъу цIыхуущ.

ЩIыуэпсым и щIэрэщIэгъэ накъыгъэ мазэм дунейм къытехьащ ДыщэкIыр. Бахьсэн куейм хыхьэ Куба къуажэм къыщалъхуа, абы дэт курыт школым фIы дыдэу щеджа хъыджкэбз цIыкIум и щIэныгъэм щыпищащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым урысибзэмрэ литературэмкIэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм. Зэреджэм хуэдэурэ лэжьэн щыщIидзащ «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым. Курьеру IэнатIэм пэрыва Соня къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр щрихьэкIащ редакцэм, и Iэзэгьымрэ зэфIэкIымрэ хигъахъуэ эпыту. Мы зэманым ДыщэкIыр жуап зыхь секретарым и къуэдзэщ.

И дуней тетыкIэ дахэм хуэдэщ ДыщэкIым и унагъуэ дахэри. Абы и щхьэгъусэ ПхытIыкI Юрэ и IэщIагъэкIэ юристщ, ауэ адыгэбзэм, лъэпкъ литературэм фIыуэ хэзыщIыкI хэкупсэщ, усакIуэщ. Зэщхьэгъусэхэм я къуэ закъуэ Аэрмэт КъБКъУ-м и экономикэ факультетыр ехьулIэныгьэкIэ къухуэ мэлажьэ.

Мы махуэхэм Соня егъэлъапlэ илъэс бжыгъэ дахэ зэрыриткъуар. И махуэшхуэм и пэ къихуэу абы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ, ди ныбжьэгъуфIыр, гу къабзэрэ псэ зэIухарэ зиIэ адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэр ди гъэтеджэхэмэ нэхъ гъунэгъуу фэдгъащIыхуэмэ ди гуапэу.

ДЫЩЭКI Соня: Гъащlэм тыгъэ къыпхуищI фIыгъуэхэм лъэр дыщIэкIыу упсэун хуейщ

- Соня, укъыщалъхуа махуэмкIэ дынохьуэхъури бзылъхугъэм фIыгъуэу къиулъэ псомкIи Тхъэшхуэр къыщхуэупсэну долъагъэ. Дэтхэнэ цIыхуми и къежьапIэр и унагъуэрщ. Уэ пхуэдэ цIыху щыпкъэ къызэрыхъукIа унагъуэм, уи сабиигъуэм я гугъу къытхуэпщIамэ, ди гуапэт.

- Упсэу! Псоми ди мурадхэр Тхъэм къыдигъэхъулIэ. Си адэ Хьэжмусэрэ си анэ Аслъижанрэ ди жылэм пщIэрэ щIыхьрэ зыхуащIу дэсахэм ящыщщ. Абыхэм къащIэхъуа бынхэм сраепIанэт сэ. Си шыпхъу нэхъыжьхъэу Мариерэ Маринэрэ, си дэлъху закъуэ Леонид сымэ, жыпIэнурамэ, я цIыкIугъуэр нэхъ зэман хьэлъэм хиубыдащ. Сэ си сабиигъуэр ирихьэлIащ Хэку зауэшхуэм иужькIэ ди къэралым зиужьыжьын щыщIидзэжа лъэхъэнэм. Сыт хуэдэу щытми, езыхэр гугъу ехьми, ди адэ-анэм дапIащ, къытегужьеикIауэ, зыхуей-зыхуэфI дыззрыхуагъэзэным хуущIэкъуу, колхоз лэжьыгъэри унагъуэ Iуэхуэхэри зэдахьу.

ЦIыху Iэдэбу къигъащIат ди адэри анэри. Апхуэдэ дыдэт яухуа унагъуэшхуэри: зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ зэрылъ, адыгэ хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэт. А лъэпкъ жыпхъэм диту дыкъагъэтджащ зэрыбынплIри. Ди адэ-анэрищ тхэлъ хьэл-щэнхэм я нэхъыфIхэр къытхэзылъхъэфар, ахэращ ди насыпыр зэтеувэным кIэ гугъу зыкъыддезыгъэхьар. Дэтхэнэри драгъэджащ, дызыщIидзащ «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым. Курьеру IэнатIэм пэрыва Соня къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр щрихьэкIащ редакцэм, и Iэзэгьымрэ зэфIэкIымрэ хигъахъуэ эпыту. Мы зэманым ДыщэкIыр жуап зыхь секретарым и къуэдзэщ.

И дуней тетыкIэ дахэм хуэдэщ ДыщэкIым и унагъуэ дахэри. Абы и щхьэгъусэ ПхытIыкI Юрэ и IэщIагъэкIэ юристщ, ауэ адыгэбзэм, лъэпкъ литературэм фIыуэ хэзыщIыкI хэкупсэщ, усакIуэщ. Зэщхьэгъусэхэм я къуэ закъуэ Аэрмэт КъБКъУ-м и экономикэ факультетыр ехьулIэныгьэкIэ къухуэ мэлажьэ.

Мы махуэхэм Соня егъэлъапlэ илъэс бжыгъэ дахэ зэрыриткъуар. И махуэшхуэм и пэ къихуэу абы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ, ди ныбжьэгъуфIыр, гу къабзэрэ псэ зэIухарэ зиIэ адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэр ди гъэтеджэхэмэ нэхъ гъунэгъуу фэдгъащIыхуэмэ ди гуапэу.

Соня и унагъуэр.

щIэхъуэпс IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ дагъэтгъуэтри, гъащIэм гъуэгу захуэ дыщытрагъэуващ, унагъуэ щхьэхуэхэуи дагъэтIысжащ. Си шыпхъуитIыр медицинэм хуеджащ, си дэлъхум КъБКъУ-м и тхыдэ факультетым IэщIагъэ щызригъэгъуэтащ.

Зауэм, абы иужь ита лъэхъэнэ хьэлъэм гугъущэ зэрехьахэр (апхуэдэхэткъэ зэрыкъэралу) иужькIэ къащIэкIуэжащ ди адэ-анэм. Илъэс 70 нэмысахэу ахэр зэкIэлъхьэужьу дунеймехьжащ. Илъэс зыбжанэ мэхъу быным ди нэхъыбэ Марие дахи дыззримы-Iэжрэ (я ахърэтыр нэху Тхъэм ищI!). Нэхъыжьхэм я щапхъэ дахэм ди щIэблэр щIэтпIыкIыу дызэдопсэу зы анэ кIиулъхуахэм ящыщу дыкъэнар.

Курыт школыр екъуалIэныгьэкIэ къэзуха нэужь, адыгэбзэм нэхъ кууэу сыхуеджэну си мурадти, 1973 гъэм КъБКъУ-м сыщIэтIысхьащ. А илъэс дыдэм сыкъэкIуащ ди лъэпкъ газетым и редакцэм.

- Апхуэдэ гурыщIэ къабзэ адыгэбзэм хуэпщIыныр сытым хуэхъкIа?

- Адыгэбзэмрэ урысибзэмрэ сыдахьэхьу, лъэпкъ литературэмрэ тхыдэмрэ сфIэгъэщIэгъэну сыщитащ дапщэщи. Апхуэдэ лъагъунытеI а лъэпкъ хъугъуэфIгъуэхэм хуоэшгъэщIыфынур унагъуэм ис нэхъыжьхэрщ, апхуэдэуи школ егъэджакIуэхэрщ. Сэ щапхъэ схуэхъуауэ къэслъытэр адыгэбзэмкIэ сезыгъэджа Беслъэней Риммэрэ урысибзэр дэзыгъэджа Уэщхъун Екатеринэрэщ. Зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI егъэджакIуэфIу зэрыщытым кыдэкIуэу, а бзылъхугъэхэр щапхъэ дахэ тхуэхъурт сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи. Ди анэхэм хуэдэ дыдэу дагъасэрт, гъащIэм дыхуауцийрт. Абыхэм я фIыгъэщ, шэч хэмылъу, бзэхэр фIыуэ слъагъуу сыкъызэрытеджар, абыхэмкIэ збгъэдэлъ щIэныгъэм адэкIи хэзгъэхъуэн мурадми щIэдзапIэ хуэхъуар.

Псалъэм и къарур, и гъэщIэгъуэнагъыр здынэсыр къыдагъэщIэфащ абыхэм. Уи гупсысэр нэсу къызэрыпIуэтэфын, дахэу, екIуу уэзрыпсэльэфын, уэзрыгушыIэн Iэмал гъуэзэджэу анэдэлъхубзэр зэрыщытри псэкIэ зыхьдагъэщIэфащ.

- Курыт школыр къэзыухыну университетым и студенткэ хьуа бзылъхугъэ ныбжьыщIэм уиIэ апхуэдэ гупсысэхэр нэхъри щыгъэбыда хуэдиз, дауи, лэжьын щыщIэбдза, илъэс 40 лъандэрэ уи гъащIэри уи гуащIэри зэпхауэ укъекIуэкI ди лъэпкъ газетым.

- Ди анэдэлъхубзэмкIэ къыдакI газет закъуэр, «Адыгэ псалъэр», си унагъуэ етIуанэу сопсэу. Абы сыкъэмыкIуэу, сыщымылажьэу си нэгу кьыслъхущIэхъьэркъым, апхуэдизу ди Iуэхущ Iапl эм, ди лэжьакIуэхэм гукIи псэкIи сепхащи. Илъэс щIы бжыгъэ зыбжанэ хъуауэ сыIутщ а Iуэхущ Iапl эми, зэи къэхъуакъым си лъэжьыгъэм сыщытеэщта е ар нэгъуэщI гуэркIэ схъуэжьну сигу кьыщыкIа. Си лъэр щиувари, си хьэл-щэныр щызэтеувари мы газетрщ. Курьеру лэжьэн щыщIэздзэри, къыдэзыгъэкIыу, иужькIэ корректору сылэжьащ. Иджыпсту си пщэрылъ къалэнхэри тэмэму зэрыщэфIэсхьным сыхущIэкъуу изохьэкI. СфIэхьэлэмэтщ лэжьапIэри лэжьыгъэри, илъэс куэд лъандэрэ сыпэрытми, къысIэщIэуэкэгъуэкъым.

Хабзэ хъуауэ, гуп зэрыIыгъыу, зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэгурыIуэу, зэдэлажьэу дапщэщи къокъуэкI адыгэ газетыр. Лэжьэн щыщIэздзагъащIэхэм щыгъуэ сызыхэхуауэ щыта гупыр къызэрыскъущытар ноби IэфIу си гум ильщ. Хуабжьу цIыхуфIт икIи зэтетт гупым и нэхъыжьхэр. Апхуэдэхэт Сэбаншы Мэстафэ, Теувэжыкъуэ Анатолэ, Апажэ Назир, Мырзэкъан Суфян, Сокъур Тамарэ, ТIэш Анинкэ, Жылжан ТIатIэ, Къардэн Женя, ди редакцэм и пашэу щытахэу АIыбекъуэ Хьэбас, ТIажь Пётр, Мэзыхьэ Борис сымэ. Газетым нэхъри зригъэужьащ икIи унэтIныныгъэ гъэщIэгъуэнхэр къигъэщIащ мы зэманым «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Нобэ газетыр щхьэкIэплъыкIэу къыдокI, техникэ лъэщхэмкIэ къащIып икIи традэз. Махуэ къэс зызыужь, зызыхъуэж зэманым добакъуэ ди газетыр, технологие пэрытхэр и Iэдэжу.

- Дыщэкым и блэкIари и нобари къэзыгъэльэгъуэу, республикэм щекIуэкI гъащIэм и дэтхэнэ лъэныкъуэми цIыхухэр щыгъуазэ хуищIу, ди тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэзыхьумэ Iэмэпсымэхэм ящыщщи да газетыр. Абы къыщIэхъуэ щIэблэм я гугъу къытхуэщIыт, Соня.

- ЩIалэгъуалэ жыджэр ди куэдщ. Анэдэлъхубзэр фIыуэ зымылъагъу къакIуэркъым ди редакцэм. Ахэр IэщIагъэм хуауций ди редактор нэхъыщхьэм, абы и къуэдзэхэм, къудамэхэм я унафэщIхэм. Ди щIалэгъуалэм къагуроIуэ лъэпкъ тхыбзэм зегъэужьыным, бзэр хъумэным сыт щыгъуи гулытэ хэха хуэщIын зэрыхуейр. Газетым зэрыщIалажьэм къыдэкIуэу, ди журналистныбжьыщIэхэм ящыщ куэд хэтщ лъэпкъ мыхьэнэ зиIэ проектхэм. Апхуэдэхэщ, ахэр зи утыку кьинхьэ зэпеуэжэр, зыкъэгъэльэгъуэныгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

ГъащIэ щыхъукIэ, гуауи гуфIэгъуи хэтщ. Апхуэдэхэм дежи дызэрыIыгъщ, ныбжьэгъуфIыр анэкIиулъху пэлыпт з эрыхъуфыр нэрылъагъу хъууэ. Ди щIалэгъуалэрри ди щапхъэм ирокIуэ, нэхъыфIыж зэрыхъунумкIи щэч хэлъхъым.

- Соня, цIыхум и насыпу къиулъытэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым епхащ. Уэ насыпыфIэу зыкъэплъытэжрэ?

- Тхъэм и фIыщIэкIэ, сынасыпыфIэу схужьIэнущ. Дауи, фIыт, гуауэ лъэпкъ умылъагъуу, уи мурад псори къохъулIэу, уэзэхъупIсэ псоми уи Iэр лъэIэсу упсэуну. АрщхьэкIэ итIанэ насыпэ нэхъыщхьэ дыдэм и Iэфlагъыпрэ и лъапlагъымрэ зыхьымыщIэнкIэ хъунущ. ГъащIэм тыгъэ къыпхуищI фIыгъуэхэм лъэр дыщIэкIыу упсэун хуейщ. Си унагъуэр, Тхъэм и шыкурклэ, узыншэщ. Ди щIалэ закъуэ Аэрмэт и насып къэкIуэгъэщи, дэтхэнэ анэми хуэдэу, нэхъ пщащэфI дыдэу щыIэр нысэ схуущIыну сыщIохъуэпс. Ари насыпышхуэщ.

Си насып Iыхьэм щыщщ ныбжьэгъу пэжхэмкIэ сызэрыкъуелйри. А фIыгъуэри мылъку куэдым иобэкI и лъапlагъымкIэ.

- Уи гур хэзыгъахъуэ, уи псэр зыуэзыщI апхуэдэ хъугъуэфIыгъуэ куэд иджыри Тхъэм ксыбдгъэдилъхьэ, Соня. Унагъуэ насып, бын гуфIэгъуэрэ гулъытэрэ ущымыщIэу Тхъэм уигъэпсэу иджыри куэдрэ.

Епсэлъар

ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

И щIалэгъуэм.

И дэлъху Леонид, абы и къуэ Вячеслав, и ныбжьэгъу ЖьэкIэмыхъу Маринэ сымэ ящIыгъуу Волгоград къалэм щыIэу. *1988 гъэ*

Редакцэм и секретариатым.

„Адыгэ псалъэ“ газетым и лэжьакIуэхэм ядэщIыгъуу.

● И къуажэгъум и псалъэ

Аракъэ насып жыхуаIэр?

ЗЭРЫСАБИЙРЭ къыддэгъэзгурыкIуэм и гъащIэ гъэгуум утетхыхыну тынщ.

Соня сэ си къуажэгъу къудейкъым. Школым сыщыщIэсам абы и дэлъху ДыщэкI Леонид си класэгъут икIи си ныбжьэгъуи, кэдрэ сыкIуэрт я унэ. Псом хуэмыдэу гъэмахуэ зыгъэпсэхуГъуэхэм деж. Я адэ-анэр гуапэу къыслухущитти, я деж сымыкIуэу махуэ зыбжанэ дэзгъэкIамэ, уебламэ къыззхъурджаэуэрт: «Дыкъэббгынауэ ара? СыткIэ уигу къыдэбгъа?» СыкIуэу илъэгъуамэ, Соня дэлъадэжьирти, и дэлъхур къыдишырт, «Мухьэмэд къокIуэ! Мухьэмэд къокIуэ!» жиIэурэ.

Апхуэдэурэ екIуэкIащ куэдрэ. Ауэрэ дэри школыр къэдухащ, арщхьэкIэ ди унагъуэхэм я зэпыщIэныгъэр къэнащ. Сони балигъ ныбжь щиувэм IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрихъэкIащ. Псом хуэмыдэу гу зылъыстар а хъыджэбзыр хуабжьу зэригурыгъуэ ящ. Нэхъыщхьэу къызыхэкIари мыращ.

Радиом сыщылажьэу сэ ялуэ сыхэтащ Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и обкомым шахматымкIэ иригъэкIуэкIа зэпеуэм. Абы сызэрыщытекIуам папщIэ шахматрэ топрэ саугъэту къызатат. Си ныбжьэгъу Леонид «Искож» хьэблэм щыпсэути, шахмат пхъэбгъур абы и фэтэрым схьащ (абы езыми а джэгукIэр фIэфIт). ГъэщIэгъэнщ, ауэ а тыгъэм нэхъщыгуфIыкIар и щхьэгъусэ Анярэ и пашхъу нэхъыщIэ Соня-рэщ. Сэ абыхэм езгъэщIащ а джэгукIэм и хабзэхэр.

Илъэс-илъэситI хуэдизкIауэ ди газетым сыщылажьэу апхуэдэ зэпеуэ дыдэм сыхьыхьэн хуей хъуащ. «Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакIуэ Рехвиашвили Алексейрэ сэрэ дыхьэзырт, ауэ бзылъхугъэ тщIыгъун хуейти, редакциплIми Соня фIэкIа шахмат джэгукIэ (икIи мыIейуэ) зыщIэ къаухэкIакъым - а зэманым ар ди редакцэм щылажьэрт. КIэщI зезгъэщIынщи, бжьыпэр дыубыдащ. Дыщымыгугъауэ, Соня зыдзджэгуахьэм я нэхъыбэм къафIихьэхущ. Шахматыр джэгукIэ гугъущ, абы Iэзэ ухуэхьун папщIэ зебгъэсэным зэман кIыхь зэрытебгъэкIуэдэм и мызакъуэуи, акъыл жан уиIэн хуейщ. Мис абдеж хьэкъ сщыхъущ Соня хуабжьу зэрыгурыхуэр.

Иджы и гугъу сщIыну сыхуейт зыпэрыт IэнатIэм. Жэуап зыхь секретарым и къуэдзэм и лэжьыгъэ тыншкъым. Ар нэхъыбзу зытещIыхьар газетым и теплъэр (макетыр) зэхэлъхьэныщ. Зэ епIыгъуэкIэ ар хьэлъэкъым, ауэ хуабжьу зэлIэн хуей Iуэхущ. Япэрауэ, жэуап зыхь секретарым уи макетыр къеззгъыу кьилытэн хуейщ. ЕтIуанэрауэ, псоми гупсэхуу ириплъэжынущ редактор нэхъыщхьэр. Абы зыгуэр фIэмыкъабылмэ, зэхъуэкIын хуейщ. Сэ я гугъу сщIыххэркъым нэгъуэщI лъэпощхьэпохэм. А къезбжэкIа псоми упэмыльэщмэ, уагъэлэжьэнукъым.

Сэ шыпхъу къэслъытэу къыздекIуэкI ПхытIыкI (Дыщэк) Соня абы и лъэныкъуэкIэ губгъэн кьиныкуэ зэхэсхакъым.

Унагъуэ дахи иIэщ Соня - абы псэуэгъу хуэхъуащ цIыху пэж икIи зэпIэзэрыт ПхытIыкI Юрэ (ар сэ жысIэфрынущ нэIуасэ сыщыухэхъуа махуэм щыщIэдзауэ си ныбжьэгъущи). Я щIалэр балигъ хъуауэ, лжьъапIэ IэнатIэ пэрытщ.

Псом хуэмыдэу Соня и щыпкъагъэр къэзыгъэлъагъуэр ар хуабжьу зэрытэмакъкIыхьырщ. Сэ зэи срихьэлIакъым ар губжьауэ, игу зэбгъа гуэркэм ятехъущIыхьу. Дауи, ельагъу игу иримыхь гуэркэр, ауэ зэпIэзэрыщ.

Си тхыгъэм и пэщIэдзэм зэрыщыжысIащи, сэ зи гугъу фхуэсщI бзылъхугъэр гъэгъэгъу соцIыху зэрысабий лъандэрэ. Ди гъащIэ гъэгури зэгъэщIлIауэ къокIуэкI: тIури унагъуэкIэ дызэпыщIащ, лжьыгъэ IэнатIэм и гугъу умыщIыхьи. Сэ абы сыщогуфIыкI нобэр къызэдэсым.

Ар щыслъагъукI согупсыс: уэзрыцIыхубз дахэм къыздекIуэу, уи хьэлри дахэмэ, уи унагъуэр зэпэщмэ, уи лэжьэгъуэм фIыуэ укъалъагъумэ, уи Iэхэр къыкIащ. Псори кьызэхъулIа цIыху дунейм тетащ, ауэ а ныбжьэгъу ди тетынукъым. Ауэ гъащIэ зэпэщым и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр ахэращ. А псори Соня иIащ. АтIэ аракъэ насып жыхуаIэр?!

ШАЛ Мухьэмэд,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

ЦIыхур зыгъэдахэр

ИГУМРЭ и псэмрэ фIэфIу зэгуэр къыхиха IэщIагъэм цIыхур егъэдахэ, егъэлъапlэ. А лъапlэныгъэр и Iуэху зехьэкIэмэ, и гуп хэтыкIэмэ щыдалъагъу икIи мы гъащIэм гъуэ пэж щыхуохъу.

Газетым сызэрыщIэ илъэси 8-м къриубыдэу ДыщэкI Соня дэслъагъур цIыху гъэсам, зэпIэзэрытым, псэ къабзэм, лэжьакIуэ жыджэрым и щапхъэщ. КъыдекIуэкI къэлащэн дахэм, хабзэ хьэлэмэтым пщIэ лей хуумыщIынкIэ Iэмал иIэкъым. ЗымащIэкIэ фIэкIа зымыщIыху- ми абы гу лъетэ. И гур псоми яхуэзэIуэкащ, ныбжьэгъу пэжщ. Дауи, апхуэдэхэрщ дунейгъэдахэкIэ, угъурлыгъэр зи Iэпэгъуэкъ Iэзджэжри.

Уэзэгурыуэу Iуэху зэдэпщIэмэ, абы нэхъри утрегъэгушхуэ, уретъэгугъу. Ар Соня и лэжьыгъэ къыздэгъэпэщыкIэм, и хьэлыфIхэм ящыщщ. ЗэрыщIыху щабэм, зэрыгупщIанэм ифI къокIыж, и пщIэм хегъахъуэ. ИпэжыпIэкIэ а пщIэр и гуп хэтыкIэкIэ, и Iуэхущ Iафэ дахэкIэ езым къилэжьыжащ. Соня Iуэхум хуэIэижьщ, хуэжьджэрщи, псори къохъулIэ, гугъэзагъэу къызэрегъэпэщ. КIэщIу жытIэнщи, и гуапагъэр зыхэзымыщIэ, ар зыфIэмылъапIэ ди гупышхуэм къытхэткъым.

Абы и цIэр нобэ щхьэусыгъуэрэ къыдоIуэ. Къыщалъхуа махуэщи, зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъу ДыщэкI Соня дохъуэхъу и щхьэкIи и унагъуэкIи зэхуэзэзынщэу ми гъащIэм гу щихуэну; и мурадхэмрэ и хьэупсапIэкIэмрэ кьеХъулIэну, къыдалъхуахэр, и ныбжьэгъухэмрэ и лэжьэгъуэмрэ зэрыхуэупсэр къылъысыну.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зи лъахэр зрагъэбгынахэм сахуэгумащIэщ сэри, апхуэдэу илъэсиплкIэ сыпсэуащи

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 4-нэ нап.).

- Ди лъэпкъэгъуэхэм я гугъуехьхэр зэбгъэлъэгъуащ, жаIаэр зэхэпхащ. Аэрри къэлъытауэ, фи IуэхущIапIэр сыткIэ дэIэпыкъуэгъу хъуфыну?

-Ди дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэр цыхьухэр зыхуэныкъуэращ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, дэ къетхуахуэ диIэкъым зи лъахэр зыбгынахэм дазэрыдэIэпыкъыр, атIэ къэралым къыхьа цIыхуэр зыхуэныкъуэм ельытауэ зыщIэдгъакъуэу ащащ. Дэ зэдгъэлъэгъуащ КъБР-м къэкIуэжахэм я щыIэкIэ-псэуркIэмрэ я дэфтэр Iуэху зытетымрэ. Иджы абыхэм е ахэр зи нэIэ щIэт Iуэхущ Iапи эм дэ дэфтэр щхьэхуэкIэ зыкьытхуагъэзэн хуейщ къыззрытщIигъуб, дазэрыдэIэпыкъыну хуей Iуэхугъэхэр зэпкърыхауэ ити. ИтIанэ ООН-м и Комиссар Нэхъыщхьэм и Гъуэсу дыхэпIэнурэ, я Iуэхум теухуауэ тхуэзэфIэкIынум иужь дихьэнущ. Зы жьпхъэ гъэрым диту хэха гуэрхэмкIэ защIыдогъакIуэ бжесIэфынукъым, ар зэлъытар цIыхур кьыззрыдзэльэуращ.

- Иджы, хъуну щытмэ, уи щхьэм, уи унагъуэм, къызыхэкIа лъэпкъым теухуа упщIэ уэстынут.

- Хъунущ, кьызэупщI, си гуапэу жэуап естынущ уи упщIэ псоми.

- Уэ птеуха тхыгъэ кIащIым сыкъыщеджэм згъэщIэгъуащ Эфиопием къыщалъхуа, щеджа щIалэм и ятIонэ щIэныгъэ нэхъыщхьэр СССР-м, Украинэм зэрыщыз-ригъэгъуэтар? Дауэ хъуат ар?

- Эфиопием курыт школыр кьыщызыха нэужь, Правительствэм и унафэкIэ, цIыху 500 хуэдиз дихьэу СССР-м ещанэIу дыкъагъэкIуауэ щытащ. Эфиопием социализмэр зэгрияуэрт абы щагъэ, 1976 гъэрат ар. Молдовэм, Кишинев, ерджэным щыхуагъэхьэзыр факультетыр кьыщызыха нэужь, Киев дэт университетым Дунейпсо зэхущытыкIэхэмрэ хабзэмкIэ и факультетым сыщеджащ. МИД-м, нэгъуэщI кьулыкъущIапIэхэм щылэжьэнухэр щагъэхьэзырт абыи, фи щIыпIэм щыщхэри хамэ къэрал кьиклаэри щеджэрт. Ар къэзуха нэужь, Эфиопием и Правительствэм зэрихьэ IуэхугъэмкIэ сыарзэштэкьыми згъэзэжьфакьым. Абы ипкъ иткIэ, СССР-м сикIри, Швецием сыкIуащ. Стокгольм «зи лъахэр зрагъэбгына» статусыр сиIэу илъэсиплкIэ сыщыпсэуащ. ИтIанэ Швециеми и гражданствэр кьызатащ. Абы щыгъуэм США-м си щIэныгъэр щыхэзгъахьуэ хъуну тхьилъ кьыскухэкIуати, Колорадэ сыкIуащ. Денвер аспирантурэм илъэсиплкIэ сыщеджащ. ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным сыкъыпIкIа нэужь, Женевэ лэжьэн щыщIэздзащ. ООН-м и кьулыкъущIапIэхэм щылэжьэнухэр щагъэхьэзырт абыи, фи щIыпIэм щыщхэри хамэ къэрал кьиклаэри щеджэрт. Ар къэзуха нэужь, Эфиопием и Правительствэм зэрихьэ IуэхугъэмкIэ сыарзэштэкьыми згъэзэжьфакьым. Абы ипкъ иткIэ, СССР-м сикIри, Швецием сыкIуащ. Стокгольм «зи лъахэр зрагъэбгына» статусыр сиIэу илъэсиплкIэ сыщыпсэуащ. ИтIанэ Швециеми и гражданствэр кьызатащ. Абы щыгъуэм США-м си щIэныгъэр щыхэзгъахьуэ хъуну тхьилъ кьыскухэкIуати, Колорадэ сыкIуащ. Денвер аспирантурэм илъэсиплкIэ сыщеджащ. ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным сыкъыпIкIа нэужь, Женевэ лэжьэн щыщIэздзащ. ООН-м и кьулыкъущIапIэм зы илъэс сыщылъуэ Афганистаным сагъэкIуащ. 1989 гъэзэ янэу СССР-м къэзгъэзэжауэ щытащ, сызэрыщеджэрэ илъэси 7 дэкIауэ! Кабул сыльэтэн щхьэкIэ, Москва сыкъыщыувыIэн хуейт. Афганистаным иужькIэ, Узбекистаным сагъэкIуащ, Термез къалэм сыщылэжьащ. Афганистанымрэ Пакистанымрэ я гъэнхлъэхэр щызэпыIкьым и деж ар, арат ООН-м и Iуэхущ Iапи эм и къудамэр здэщыIэр. Абы щыгъуэми Совет Союзым сыщылэжьауэ жыпIэ хъунущ.

Илъэс 22-кIэ Азием, Африкэм, Европэм, Латин Америкэм я къэрал куэдым сыщыIауэ, иджы Москва къэзгъэзэжащ. Мазибгъу зы илъэс сыщылъуэ Афганистаным сыщыIэну сиIэ мурадц.

- Швейцарие, Танзание, Мьянмэ, Афганистан, Пакистан, Хорватие, Грузие... ООН-м и кьулыкъущIэу къэрал куэдым ущылэжьащ. Сыт щыгъуи зиужь уитыр зи лъахэр зрагъэбгынахэм ядэIэпыкъуныщ. Ар гъащIэм уэыхуиша пэжыгъэр зра хьэмэрэ щхьэусыгъуэ гъэркIа кьыхэпха?

- Мы Iуэхум набдзэгубдзапIпэу, гурэ псэкIэ етауэ сыщIыпэрытым и щхьэусыгъуэр, нетIи зэрыжьIащи, сэ езыр абы зэгуэрым сызэрыпхрыкIарщ. Сэ си къэралым сыкъыкIыу, нэгъуэщIипIэ сыщыпсэун хуей хъущ. Абы ифри и Iейри зыхэсщащ, гугъуехьхэм фIыуэ сыщыIуаэзщ. Сыт хуэдэ къэралми зи лъахэр зрагъэбгынаэу исхэм дыщыгъуаэзщ, дэфтэр зыIыгъэ псори ди нэIэ щIэтщ, дадоIэпыкъу. Иджы илъэс зыбжанэ ипэ Сирием кьыщыхуэ зэпэщIэтыныгъэхэм абы и цIыхуэр кьрихужьащ, къэрал куэдым щтапIэ щихьэжащ. Сэ сыщылажьэр Москва-щи, сощIэ УФ-м къэкIуахэм я Iуэху зытетыр. Санкт-Петербург, Москва дэсхэм сащыIащ, ахэр зи нэIэ щIэт къулыкъущIапIэхэм дадолажьэ.

- Си лэжьыгъэ фIыуэ щIэслъагъум и зы щхьэусыгъуэщ цIыху гъэщIэгъуэнхэм, лъэпкъкIэ, динкIэ зэмыщхьэм саззрыхуэззр. Эфиопиемрэ абы щыпсэуэхэмрэ телевизоркIэ сцIыхуу аращ. Уи хэкум, укъызыхэкIа лъэпкъым и щыIэкIэ-псэуркIэм, уи анэдэлъхубзэр зыхуэдэм дыщыбгъэсыгъуэзэну сыхуейт.

- Дэнэ къэрал ущыпсэуми ущылажьэми, уи хэкур укъыщалъхуа щIыпIэращ. Эфиопиер мы дунейм нэхъыжь дыдэу тет къэралхэм ящыщщ, илъэс мини 3 хъуаеу кьогъуэгурыкIуэ. Африкэм и КъуэкъупIэ лъэныкъэмкIэ щыIэщ ар. ЛъэпкъитI нэхъыбэу щопсэу Эфиопиеи - оромо, амхар, абы нэмыщIкIэ, африкэ лъэпкъ зыбжани щыIэщ - тигре, сидамо, шангалла, нэгъуэщIхэри. Си анэдэлъхубзэр оромощ, ауэ ди къэралым и бзэ хэгъэнэхукIар (официальнэр) - амхарщ. Ди къэралыр муслымэнщ е чристэнщ жыпIэ хъунукъым. Абы кущу щопсэу а динхэр зезыхьэ цIыхуэр. Сэ сычристэнщ. Лъэпкъ, дин зэхэгъэж щыIэкъым, псори зэгурыIуэу зэдопсэу икIи зэрошэ. Мусылъмэнхэмрэ чристэнхэмрэ щызэрышэкIэ я диныр яхьэужьну хуиткъым, щхьэж иIыгъ диным тетыжу псэуэ аращ. ИтIанэ, фэ къыфIущхьэщкIыну, ди бзылъхугъэхэр дэкIуа нэужь, я щхьэгъусэхэм я унэцIэр къащтэркъым.

Эфиопиер Лъэпкъ Лигэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщщ, иужькIи ООН-м хьихьащ. УФ-мрэ дэрэ сыт щыгъуи зэхущытыкIэфIэхэр диIэу дыкъекIуэкIащ, 1896 гъэм Италиеми дыщезауэм, Урысейм и цIыхуэхэр къыткъуэуваэу щытащ, уеблэмэ куэдри къыщынауэ щопсэу.

Ди къэралым цIыху мелуан 90 ирагъ, си лъэпкъэгъуэр - оромохэр - мелуан 40-м ноблагъэ. Ди цIыхуэхэр кьулейуэ пхужьIэнукъым, къэралым и унафэщIэращ ар зэгурыIуэ, зэуужьныгъэ нэрылъагъу щIыкIэкIыркъым.

- Ди унагъуэр дыбгъэцIыхун?

- Сипхъу иныжьхьэкIэ къыщалъхуар Кневщ, абы щыгъуэм систудентт, абы и анэри эфиопкэщ. Хъыджэбзыр иджыпсту Вашингтон хеящIэу щолажьэ. Си унаГъуэм щIалэщ къыщIохьу. Нэхъыжьым гъэм Лондон дэт университетыр кьеух, кьыкIалъыкIуэр етIуанэ курсым щIэсщ, а университет дыдэм щоджэ. Ещанэ щIалэр илъэс 13 хъууэ аращ, курыт школым макIуэ, и анэм и гъусэу Женевэ щопсэу.

- Уэ укъэзылъхуахэр, къыбдалъхуахэр щыпсэуурэ Эфиопием?

- Хьэуэ, аэрэ Америкэм щопсэу. Си адэр пасэу дунейм ехьжащ, си анэр тхуэпсэущ, ар американкэщ. ЗэкъуэшиплIэр зэшыпхъуитIрэ дохъури, псори США-м щопсэу, абыхэм я бынэхэри къэрал зэмылIэужьыгъэхэм щоджэ. БынэхэлIэлъокIэ, дызэролъагъу, ди анэм дежщIэкъэгъэр, зыужьныгъэ нэрылъагъу щIэкIэрыркъым.

- Уи унагъуэр дыбгъэцIыхун?

- Сипхъу иныжьхьэкIэ къыщалъхуар Кневщ, абы щыгъуэм систудентт, абы и анэри эфиопкэщ. Хъыджэбзыр иджыпсту Вашингтон хеящIэу щолажьэ. Си унаГъуэм щIалэщ къыщIохьу. Нэхъыжьым гъэм Лондон дэт университетыр кьеух, кьыкIалъыкIуэр етIуанэ курсым щIэсщ, а университет дыдэм щоджэ. Ещанэ щIалэр илъэс 13 хъууэ аращ, курыт школым макIуэ, и анэм и гъусэу Женевэ щопсэу.

- Къэрал куэдым ущылэжьащ, цIыху куэдым ухъуззащ. Ди лъахэр къызэрыпщыхьуам, узыIуцIа цIыхуэр иигу зэрыдыхьам и гугъу къытхуэщIыт.

- Сэ иджы янэу зыкъызыдзэтеувыIауэ аращ Налшык. Ауэ тIэу сыблэкIащ, нэгъуэщI хэгъэгу зыкIуэ. Цыху куэдым сагъэхьащ, сабгъэдэсащ. Къэлэри мащIэу зэзгъэлъэгъуащ. Пэжыгъэ IуэхуэкIэ сызыхуэзахэм жэуаплинырэ яхэлъу, я Iэщ Iагъэм хуэпэжу пэрыту кьысщыхъуащ.

Лъэпкъ зыбжанэу фызэрызэхэсри си гуапэ хъуащ, фызэгурыIуэу-фызэдэIуэжу, зым и махэушхэр щитъэлъэпIэкIэ, нэгъуэщI лъэпкъэхэм ящыщхэри хэту, нэгъуэщIым и щыгъуэ махуэмэ, адрейхэми даIыгъыу зэрыщыгъым фIы куэд кьыпэкIуэу кьыщIэкIынщ. Махуэ бжыгъэ мащIэ фIэкIа сыщымыIами, хьэщIэхуэфIу фызэрыщытыр зыхэсщIащ, я Iэнэр берычэту, я нэгум гуапагъэ кьрихьуу кьыпIуощIэ псори.

- Тхьэмуигъэпсэу, Баисэ. Ди лъэпкъэгъуэхэм я Iуэху зыIутыр зэбгъэлъагъуну, уадэIэпыкъуну жэрдэм уиIэу укъызэрыкIуар гуапэ лей тщыхъуащи, къызэролъэIуэхэмрэ яхуэзэфIэгъэкIыпхъэхэмрэ тыншу зэбгъэхъулIэфыну дынохьэхьу.

Елсэгъар **НЭщIэпыДжэ Замирэщ.**

«Арсенал» (Тулэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:2 (2:0). Тулэ. «Арсенал» стадион. Къэзыхьэм и 5-м. ЦIыху 8600-рэ еплъащ.

Судьяхэр Сухой (Люберцы), Жвакин (Ленинград область), Шимарыгин (Сосновый Бор).

«Арсенал»: Филимонов, Ершов, Кадышин, Сухарев, Маслов (Шилов, 87), Кашчелан, Игнатьев, Рыжков (Лозенков, 79), Кузнецов, Базанов (Лях, 71), Кутьин (Тимохин, 83).

«Спартак-Налшык»: Цыган, Мэкъуауэ, Костин, Абаза, Суслов, Рябокобыленко, Султонов (Хчапелие, 67), Киреев (Рухайз, 76), Чуперкэ, Сирадзе (Бажэ, 55), Панюков (Болэ, 60).

Топхэр дагъэкIащ; Кутьин, 16 (1:0). Рыжковым, 42 (2:0). Масловым, 52 (3:0), Чуперкэ, 65 (3:1). Болэм, 90 (3:2).

Дагъуэ къыхуащIащ Чуперкэрэ Кашчеланрэ.

ПРЕМЬЕР-лигэм зи лъапэр хэзыщIыкIа ТIу и «Арсенал»-р иебгъэрыIуэныгъэ лъэщхэмкIэ «Спартак-Налшык»-р иригъэблэгъащ. Ар уеблэгъуэ имыIэу трагъэгушхуэрт стадионым кьыщIэзыхуэса цIыху минибгъум ноблагъэм. Дыдейм апхуэдиз щисар кьэщIэжьыгъуейщ.

Джэгугъуэ кIуам я хьэрэхуэрэгъу зэхьыщхьэ Мэзкъу и «Торпедо»-р зэрыхагъэщIам нэхъри зи дзрэжэгъуэр кьиIэта хэгъэрейхэм я ехьуIэныгъэм икIэщIыпIэкIэ кьыщапэну хущIэкъуащ. ИкIи ар абыхэм кьайхъуIащ. Ди щIалэхэм дакъикъэ пщыкIутхукIэ яхуэзтеIыгъауэ аращ щIыхьмыгъэзэу зэгъэкIуащ. Ар «Спартак-Налшыкым» и дежкIэ щIыкIэ бжыгъэ 2:0 хъуащ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэм и пэщIэдзэми фIы лъэпкъ кьытхуихьакъым - Маслов зэгъэрейхэр 3:0-у япэ иригъэщащ. Ар «Спартак-Налшыкым» и дежкIэ ещанэ ирагъэщащ. Ар «Спартак-Налшыкым» и дежкIэ ещанэ хуейт ди щIалэщIэхэм я ешхуэ щIыкIэ бжыгъэ 2:0 хъуащ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэм и пэщIэдзэми фIы лъэпкъ кьытхуихьакъым - Маслов зэгъэрейхэр 3:0-у япэ иригъэщащ. Ар «Спартак-Налшыкым» и дежкIэ ещанэ хуейт ди щIалэщIэхэм я ешхуэ щIыкIэ бжыгъэ 2:0 хъуащ.

• Футбол

Я лъэр щIрагъэудакъым

ной еуа иужькIэ топыр кьызыIэрыхьа Кутьиныр и къаруу кьыззрихькIэ еуэри, мы зэхьэзэхуэм и гъэщIыкуэ нэхъ Iэзэ дыдэм япэ дивизионым кьызэрыщIыхэжаныкIар 18-м нигъэсащ.

Куэд дэмыкIыу бжыгъэр игъэбзэгъуэфыну щытащ Базановым. АрщхьэкIэ ар зэуа топыр ди гъэущхьэтетым къиубыдащ.

Абы иужькIэ «Спартак-Налшыкым» дакъикъэ зытхухкIэ тепщэныгъэр зыIэщIилъхьащ. А зэман кIэщIым къыриубыдэу щэнейрэ кьыхэжаныкIыну Панюковым Iэмал хъарзынэхэр кьыхуэкIуэкIащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, сыт щыгъуэми топыр зымащIэкIэ гъуэм хуэзакъым.

ЕбгъэрыкIуэныгъэм дихьэха ди щIалэхэм «Арсенал»-м и гъащхьауэхэр зыIэщIагъэкI хъуащ. Апхуэдэхэм ящыщ зым Мэкъуауэм и закъуэ тIу зэуэ кьебгъэрыкIуащ. Залым абыхэм япэлъэщащ. АрщхьэкIэ загъэпсэхуну кьымыкI щIыкIэ бжыгъэ 2:0 хъуащ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэм и пэщIэдзэми фIы лъэпкъ кьытхуихьакъым - Маслов хэгъэрейхэр 3:0-у япэ иригъэщащ. Ар «Спартак-Налшыкым» и дежкIэ ещанэ хуейт ди щIалэщIэхэм я ешхуэ щIыкIэ бжыгъэ 2:0 хъуащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ятIонэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. **«Мордовия»**	34	22	7	5	59-28	73
2. **«Арсенал»**	34	20	6	8	61-38	66
3. **«Торпедо»**	34	18	7	9	42-20	61
4. **«Уфа»**	34	16	9	9	42-34	57
5. «Газовик»	34	15	10	9	40-27	55
6. «Лучъ-Энергия»	34	15	9	10	38-20	54
7. «Шинник»	34	16	5	13	43-35	53
8. «Балтика»	34	14	11	9	37-27	53
9. «СКА-Энергия»	34	14	10	10	39-33	52
10. «Сибирь»	34	13	10	11	36-37	49
11. «Алания»	34	14	4	16	29-49	46
12. **«Спартак-Налшык»**	**34**	**11**	**12**	**11**	**32-33**	**45**
13. «Енисей»	34	11	9	14	37-46	42
14. «Динамо»	34	11	7	16	35-43	40
15. «Ротор»	34	9	10	15	40-38	37
16. «Химик»	34	9	7	18	26-47	34
17. **«Нефтехимик»**	**34**	**6**	**11**	**19**	**32-43**	**29**
18. **«Салют»**	**34**	**6**	**9**	**17**	**23-50**	**27**
19. **«Ангушт»**	**34**	**3**	**5**	**26**	**21-70**	**14**

• Картинг

НыбжьыщIэхэм я зэпеуэ

Совет Союзым и ЛIыхъужь Яхэгъуауэ Михаил и саугъэтым щыщIэбэна картингымкIэ КъБР-м пашэныгъэ къыщыхьы-нымкIэ и зэхьэзэхуэ зэIуха иджыблагъэ Нарткъалэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ Лермонтов, Невинномысск (Ставрополь край), Налшык, Май, Бахъсэн, Нарткъалэ къралэхэм я лIыхIуэхэр - псори зэхэту команди 9.

УРЫСЕЙ ДОСААФ-м и щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ МацIыхъу Яхэгъуауэ Михаил и гъащIэ гъуэгуанэм, Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ.

Зэхьэзэхуэм кIэлъыплъащ КъБР-м и Парламентым и депутат Ерчэн Джамболэт, Урысей ДОСААФ-м и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Iэщын Юрий, ДОСААФ-м и Друган и автошкол и унафэщI Гулэжьн Беслъэн, Совет Союзым и лIыхъужь Яхэгъуауэ Михаил и къуэ Валерэ сымэ.

«Микро» классым щытекIуащ Хьэкъчэн Ренат, етIуанэ увыпIэр Тэрты Артур кьихьащ, Сэхъу Аминэ ещанэ хъуащ. «Мини» классым Зумакулов Марат бжьыпIэр щиубыдащ. ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр Бекъалды Маратрэ Думэн Тимуррэ зэдагуэщащ. Шипилов Кирилл «Пионер» классым щытекIуащ. Слбэч Iэдам етIуанэ, Абазэ Алим (Бахъсэн къ.) ещанэ увыпIэхэр яльысащ.

«Кадет» классым Лермонтов къаIэм и спортсмен Смоляшинов Кирилл псоми щефIэкIащ. Алборэ Къапльэн етIуанэ увыпIэр кьихьащ, Слбэч Ислъэм ещанэ хъуащ. «Юниор» классым япэ, етIуанэ увыпIэхэр щаубыдащ Лермонтов къалэм къикIахэу Лисицин Максимрэ Комнатный Сергейрэ. Дэлэл Къантемыр ещанэщ.

Командэ зэпеуэм Нарткъалэ и «Макош» командэм бжьыпэр щиубыдащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къерал аграрнэ университетым и гупым етIуанэ увыпIэр кьихьащ, ещанэр лъысащ Нарткъалэ и «Дэтрис» командэм.

БЛАНАУЭ Iэдэм.

Абы къытхуеIуатэ лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэр. Дунейм теткъым зы лъэпкъи я щэнхабзэр зэпхыу. Адыгэм езым и хабзэ, къафэ, фашэ зэрилъхьэм хуэдэ цыдэу, Китаймэ, Инджылызымэ, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэуахэм я щэнхабзэр яхьумэж. Аэрэ щIыбгъэм къыдгъэкIыфу, хэт сыткIэ къулеймэ щIалэгъуалэр щыгъуазэу зауэжьи папщIэ, иджыблагъэ Бизнесымкlэ институтым (Налшык) щрагъэкIуэкIа щэнхабзэ фестивалым хуэдэхэр (гъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я хабзэхэр наIуэ къызыщIэхэр) ирахьыбзэр елджакIуэхэм къыхуэзгъэщащи хуейщ. ЗэрыжаIэщи, сабийр утыкум ихьэху, цIыку хэтыкIэмэ хэкIыжькIэмэ нэхъ щыгъуазэ мэхъу, зиузэщIыныжькIи сэбэпщ.

АПХУЭДЭ тегушхуэныгъэ ядэтлъагъуащ «Дунейм зыщыдоплъыхь» щэнхабзэ фестивалым хэта цIыкIуэм. Налшык и курыт еджапIэ № 6-м инджылызыбзэмкIэ и «Альбион» клубым екIуалIэхэм хамэбзэр зэрагъэпэрыуэри, артист Iэщагъэм зэрыхуэIэрыхуэри кьагъэльэгъащ. ЕджакIуэхэм ягъэхъыкIащ Т. Генри и «Дары волхвов» новеллэм щыщ пычыгъуэ. Хабзэу зэрыщытри, Илъэсщ Iэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу лъапIэ дыдэщ фIыуэ пльагъум саугъэт хуэщIыну. Новеллэм кьыхуэщ зэщхьэгъуэ ныбжьыщIитIым зым адрейм тыгъэ зэрыхуащIын ахьшэ яхурикъуркъым. Апхуэдэу щыхъум, хьыджэбзым щхьэку мурад епI и щхьэщIуэгъуэщхуэр ищIу (нэхъ лъапIэ дыдэу аращ иЗэр) щхьэгъусэм дыщэхужьым кьыхуэщIыкIа Iэщщэхуэ кьыхуинщэхуну. Абы хэту Джими мэпытхьуэ фIыуэ ильагъум саугъэт зэрыхущIыну Iэмал. И сыхьэтыр етри, абы кьыщIэкI щхьэхуэхьхъэ дахэр кьещэху. КьыщIокI хьыджэбзыр абы хуэмыныкьуэжу (и щхьэщыр кIэщIу пригъэущащи), езыми кърата Iэщщэхьур зыпитхьэну сыхьэтыр имыIэжу. ЦIыхуитIым я зы гъащIэ Iыхьэкlэ щIыдгъэм дагъуэу кьагъэлъэгъуащ саугъэтым емылъытауэ, Генри и тхыгъэм кьызэрыхьэщу, цIыхуэр фIыуэ зэрыльэгъуэн зэрыхуейр. А псор - инджылызыбзэкIэ! Сыт хуэдэуи кьайхъулIэрэт а бзэр еджакIуэхэм!

Фестивалым хьарзынэу зыхуагъэхьэрат Бахъсэн районым хьихьэ Использмеей къуажэм и курыт школ № 4-м кьикIахэмк. Корее щIынатIэр сыткIэ кьулейми, абы щыпсэуэхэм сыт хуэдэ щэнхабзэ зэрахьэми, сыт хуэдэ хабзэ яIэми а цIыкIуэхэм зэращIэм зэпхыгъэ къытепхьэжьнутэжьым, дэтхэнэри жьакIуэ утыкум итти. КъызэрыщIэкIымкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым корей мини 5 щопсэу, абыхэм ящыщу минрэ щитхур Бахъсэнкlэ щыIэщ. ЕджакIуэхэр тепсэлъыхьащ корейхэм я щIынагъыншагъуэ, щхьныгъуэхэми, я хабзэхэми, бзэми. Псом хуэмыдэу къеклуэIалхэм ягу иригъэщащ Корее лъэпкъ къьафэр.

Убых, курд лъэпкъ къэфэкIэхэр, хьэгъуэлIыгъуэхэм ешха хабзэхэр - куэд мэхъу щэнхабзэ фестивалым щагъэлъэгъуар. Яныкъуей, ХьэтIохъущ-къуей, Тыжьей къуажэхэм я школ-кIуэхэм, Прохладнэ къалэм и гимназие №2-м щеджэхэм, Щэджэм и етIуанэ, ещанэ щколхэм щIэсхэм, ЩIэджэм ЕтIуанэм и езанэ ещанэ щеджэхэм зэхьэкIуу тихагъэкIащ ахэр щэнхабзэм зэрыпэмыжьажьэр, сыт хуэдэ лъэпкъым кьыхэкIами абыхэм пщIэ зэрыхуащIыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Щэнхабзэм и гъэлъэгъуэныгъэ





Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ

ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр

Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖьакIэмыхъу Мариндэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ**, **Къардэн Маритэ**, **НэщIэпыджэ Замирэ**, **Хьэжыкъарэ Алик**, **ЩIхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинэм и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ Iапи эм ядэлжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэгущIыгъэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи эм -42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщагIэта Iуэхутъуэхэм я пажаГъымкIэ аэрэ зыгъэхъэм ихъу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хитныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи эм №Н-0065-м щIэту яхэтщ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыдгъащ.

КъБР, Налшык къалэ,

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанишокъуэ Элиз, редакторыр Истэпан Залинэ, корректорхэр Щоджэн Инэ** *(1, 5, 6-нэ)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3, 4-нэ)*, *корректорхэм я дзIэныкъуэгъу* **Мырэзкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.687 ● Заказ №876